**Wo’zbekstan Respublikasi’ joqari’ ha`m worta arnawli’ bilimlendiriw ministrligi**

**Berdaq ati’ndag`i’ Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**Kamalova Madina**

# Tema: Kelbetlik so’z shaqabi’n woqi’ti’w usi’llari’

**PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’**

**Ilimiy basshi’:** **docent Sha’rigu’l Allaniyazova**

**No`kis – 2013**

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Fakultet dekani’: docent Q. Turdi’baev

Kafedra basli’g’i’: professor M.Qudaybergenov

Ilimiy basshi’: Docent SH. Allaniyazova

# Kelbetlik so’z shaqabi’n woqi’ti’w usi’llari’

Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:

Kamalova Madinani’n’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_____» bahasi’ qoyilsi’n.

«_____» _________ 2013-ji’l.

MAK basli’g’i’: ___________________________

MAK ag’zalari’: ___________________________

___________________________

________________________JOBASI’:

KIRISIW……………………………………………………….3

1. Woqi’wshi’larda so’z shaqaplari’ haqqi’nda tu’siniklerdi qa’liplestiriw usi’llari’…………………………………………5

2. Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’……………………6

I BAP. KELBETLIK HA’M WONI’N’ TU’RLERIN WOQI’TI’W USI’LLARI’

1.1. Kelbetlik haqqi’nda tu’sinik beriw usi’llari’……….........10

1.2. Kelbetliktin’ ma’nilik tu’rlerin woqi’ti’w usi’llari’…….....14

1.3.Kelbetliktin’jasali’wi’n woqi’ti’w……………………. ..…17

II BAP. KELBETLIKTIN’ DA’REJELERIN WOQI’TI’W USI’LLARI’

2. 1. Kelbetliktin’ da’rejelerin woqi’ti’wda qollani’latug’i’n metodlar……………………………………………………….…….30

2.2. Kelbetliktin’ zatlasi’wi’n ha’m n sintaksislik xizmetin oqitiw…………………………………………………………..……38

2.3. Kelbetlikti woqi’ti’wda interaktiv metodlardan paydalani’w usi’llari’…………………………………………………………...47

JUWMAQ…….…………………………………………..53

PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR

# Kirisiw

Yelimizde ta’lim ha’m ta’rbiya salasi’nda Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’ni’n’ Bilimlendiriw haqqi’nda Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ ni’zamni’n’ qabi’l yetiliwi ha’m a’melde qollani’li’wi’, ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ni’n’ belgileniwi mekteplerde, kollejdlerde, akademiyali’q liceylerde ta’lim ha’m ta’rbiya islerin tan’lawg’a ken’ mu’mkinshilikler jaratpaqta.

Prezidentimiz I.A.Karimov wo’z miynetlerinde “ Ba’rimizge ayan, insane ju\regine jol tabi’w en’ a’wele ta’lim - ta’rbiyadan baslanadi’. Soni’n’ ushi’n qashan bolmasi’n bul haqqi’nda so’z bolsa, babalari’mi’z qaldi’rg’an biybaha miyrasti’ yeslew menen birge, ata – analari’mi’z qatari’ biz ushi’n yen’ jaqi’n bolg’an ja’ne bir ulli’ insan – woqi’ti’wshi’ ha’m ustazlardi’n’ jaqsi’ niyet miynetlerin hu’rmet penen tilge alami’z,[1] - dep mug’allimlerdin’ miynetlerine ayriqsha baha beredi.

Qaraqalpaq tilin ha’r ta’repleme u’yreniw woqi’wshi’lardi’n ilimdi teren’ iyelep ali’wi’n ta’miyinleydi,woqi’wshi’lardi’n’ logikali’q woylawi’n rawajlandi’radi’, ja’miyetlik turmi’sqa ko’z – qarasi’n qa’liplestiredi.Qaraqalpaq tili woqi’w pa’ni si’pati’nda basqa woqi’w pa’nleri ishinde tiykarg’i ori’ndi iyeleydi.

Qaraqalpaq tili pa’n si’pati’nda u’yrenilip g’ana qoymastan, mektepte woqi’ti’latug’i’n basqa pa’nlerdi woqi’wshi’lardi’n’ woqi’p u’yreniwinde negizgi qural boli’p esaplanadi’.Sonli’qtan da wo’z ana tilinde sanali’ ha’m ha’r ta’repleme bilim alg’an woqi’wshi’ jaslar ilim si’rlarin teren’ u’yreniwge ta’biyat qubi’li’slari’nda boli’p atirg’ an wo’zgerislerdi duri’s tu’siniwge, wog’an wo’zinshe pikir ju’giziwge ken’ mu’mkinshilikler aladi’. Qaraqalpaq tilin u’yreniw arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ adamlar menen qatnasi’, ja’miyetke ko’z qarasi’ rawajlani’p baradi’. Woqi’wshi’lar ana tilin u’yreniw na’tiyjesinde pa’n

[1] I.A.Karimov. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, “Ma’nawiyat” 2008, 130 - bet

tiykarlari’n sanali’ tu’rde wo’zlestiredi, woy - pikiri bargan sayi’n wo’sip rawajlani’p baradi’. Qaraqalpaq tilinen sabaq wo’tiw bari’si’nda teoriyali’q materiallardi’ tu’sindiriwde bolsi’n, shi’ni’g’i’w jumi’slari’n ju’rgiziwde bolsi’n, wonda xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ til bayli’g’i’mi’z negizinde ken’ tu’rde bayanlawi’ ha’m woqi’wshi’lardi’n’ ana tiline, xali’qqa bolg’an mehir-muxabbati’n ta’rbiyalawi’ tiyis. Demek woqi’wshi’lar wo’z ana tilin qunt penen u’yrenip, woni’ qa’dirleytug’i’n boli’wi’ kerek.

Mekteplerde, akademiyali’q licey ha’m kollejdlerde qaraqalpaq tilin woqi’ti’wdin’ sapasi’n jaqsi’lawda mug’allim kadrlari’ni’n’ teoriyaliq bilimi menen metodikali’q is sheberligi u’lken a’hmiyetke iye. Sonli’qtan da, ha’r bir qa’niyge mug’allim ilimnin’, lingvistika ha’m pedagogika menen metodikanin’ jetiskenliklerin sistemali tu’rde u’yrenip, woni’ wo’zinde wo’zlestirip bari’wlari’ kerek.

Mektepte woqi’wshi’lar ana tilin u’yreniw na’tiyjesinde til haqqi’nda, woni’n’ grammat’ikali’q quri’li’si’, so’zlik quram’, tildin’ rawajlani’w tariyxi’ menen ni’zamlari’ tuwrali’ belgili da’rejede bilimge iye boli’wi’ kerek.Tildin’ ja’miyetlik turmi’sta adamlardi’n’ wo’ndirisli xizmetinde tutqan worni’ haqqi’nda tu’sinik ali’wi’, a’debiy tildi toli’q wo’zlestiriliwi, woni ‘ awi’zsha ha’m jazba tu’rde tiyisli wori’nlarda duri’s qollana biliwi, tildin’ leksikali’q qurami’n, grammatikali’q normalari’n ha’r ta’repleme iyelep ali’wi’ ta’sirli so’ylew ha’m woqi’y biliwi, sawatli’ qa’tesiz jaza ali’wi’ sha’rt. Woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlestirgen bilimdi awi’zsha ha’m jazba tilde a’meliy jaqtan qollani’w ko’nlikpelerin jetilistiriwge baylani’sli’ shi’ni’gi’w jumi’slari’n u’zliksiz ju’rgiziw lazi’m.

Qaraqalpaq tilin woqi’ti’wdin qi’yi’n ha’m qospali’ ta’repi birinshiden, mektep mug’allimlerinin’ teoriyaliq ha’m a’meliy jaqtan tayarli’q da’rejesine, mol ta’jriybesine baylani’sli’ bolsa, ekinshiden’ zaru’rli bolg’an qaraqalpaq tilinin’ bag’darmalari’ menen sabaqli’qlar woqi’w qurallari’na tiykarlani’p ilimiy jaqtan

islengen, mektep ta’jriybesi negizinde quri’lgan qaraqalpaq tilinin’ woqi’ti’w metodikasi’na tikkeley baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq tilin woqi’t’iwdi’n’ wo’zine ta’n metodikali’q principleri bar. Bular tiykari’nan til quri’li’si’ bo’limlerin ha’m olardi’n’ bildiretug’i’n ma’nilerin aji’rata biliw, woqi’wshi’larda tilge bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ payda etiw, qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda ta’sirli woqi’ti’w so’z ma’deniyati’n qa’liplestiriw, woqi’wshi’lardi’n’ jazi’w ma’deniyati’n, sawatli’li’gi’n u’zliksiz asi’ri’p bari’w ma’seleleri. Soni’n’ ushi’nda ha’r bir mug’allim woqi’wshi’ni’n’ so’zdin’ ma’nisine qaray tu’singenin mudami’ baqlap bari’wi’ sha’rt. Woqi’wshi’lardi’n’ tilge bolg’an qi’zi’gi’wshi’li’gi’n arti’ri’wda tilge baylani’sli’ ayti’lg’an ulli’ adamlardi’n’ pikirlerinen, naqi’l - maqallardan mi’sallar keltiriw, mazmunli’ tekstler menen shi’ni’gi’wlar islewi kerek.

## 1. Woqi’wshi’larda so’z shaqaplari’ haqqi’nda tu’siniklerdi qa’liplestiriw usi’llari’

Woqi’wshi’larg’a sanali’ bilim ha’m ta’rbiya beriw ha’r bir mug’allimnin’ aldi’na qoyg’an wazi’ypa. Bul ushi’n mug’allimnen ju’da u’lken sheberlik talap yetedi. Qaraqalpaq tili pa’ni boyi’nsha ha’r bir tarawdi’n’ har bir temani’ qalayi’nsha wo’tiliw ta’rtibin mug’allim ha’r qi’yli’ etip a’melge asi’ri’wi’ mu’mkin. Mi’sali’, morfologiya tarawi’ boyi’nsha sabaq wo’tiwdin’ de wo’zine ta’n wo’zgesheligi bar. Woqi’wshi’larg’a morfologiya tuwrali’ teoriyali’q mag’liwmat ha’ a’meliy ko’nlikpe beriwde da’slep so’zdin’ jasali’wi’ menen wo’zgeriwi haqqi’nda bilim beriledi de, wonnan son’ so’z shaqaplari’ turaqli’ u’yreniledi.Bunda so’z shaqaplari’n wo’z aldi’na ayi’rim – ayi’ri’m ha’ bir klassta uyreniwden buri’n da’slep so’z shaqaplari’ tuwrali’ woqi’wshi’larg’a tu’sinik beriledi. Bul ushi’n mektep bag’darlamasi’nda belgili da’rejede saat aji’rati’lg’an. Woqi’wshi’lardi’n’ so’z shaqaplari’n, woni’n’ leksika – grammatikali’q

wo’zgesheliklerin duri’s ha’m an’sat tu’sinip ali’wi’na yerisiwiz ushi’n so’zlerdi so’z shaqaplari’na duri’s klassifikaciyalap ali’wi’mi’z kerek. Yag’ni’y so’zlerdin’ ne ushi’n so’z shaqaplari’na bo’linetug’i’nli’g’i’n, bo’liniw sebeplerin ha’ bir so’z shaqabi’na ta’n leksikali’q, morfologiyali’q ha’m sintaksislik ayi’rmashi’li’qlardi’ mi’sallar ja’rdeminde za’ru’rli bolg’an metodikali’q usi’llardi’ qollana woti’ri’p tu’sindiriw kerek boladi’. A’lbette, so’z shaqaplari’ tuwrali’ tu’sinik bergende mi’sallar ja’rdeminde tu’sindiremiz de, woni’ to’mendegidey a’meliy jumi’slar tiykari’nda woqi’wshi’lardi’n’ toli’q ha’m ha’r ta’repleme wo’zlestire ali’wi’na yerisiwge boladi’.

Woqi’wshi’larg’a berilgen ga’pler menen tekstlerdegi so’zlerdin’ qaysi’ so’z shaqabi’ yekenin ani’qlati’w ha’r bir so’z shaqabi’na ta’n grammatikali’q kategoriyalardi’ mi’sallar ja’rdeminde aytti’ri’w, sabaqli’qta berilgen shi’ni’g’wlar tiykari’nda ha’r tu’rli jazba jumi’slardi’ izlestiriw za’ru’r.

## 2. Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’

Mekteplerde qaraqalpaq tilin woqiti’wda sabaqli’qlar menen birge woqi’w – metodikali’q qollanbalar da za’ru’r. Sebebi, ha’r bir tema boyi’nsha mug’allim jeterli da’rejede teoriyali’q bilimge iye bolg’anli’g’I’ menen, woni’ woqi’wshi’larg’a jetkeriwdin’ usi’llari’n toli’q men’gerip ali’wi’ kerek. Ha’zirgi da’wirde ma’mleketlik ta’lim standartlari’ni’n’ talaplari’na tiykarlani’p sabaqli’qlar menen birge woqi’w – metodikali’q qollanbalar da islep shi’g’i’lmaqta, biraq qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda metodikali’q qollanbalar ele toli’q islengen joq. Ayi’ri’m temalardi’ woqi’ti’wg’a baylani’sli’ metodikali’q qollanbalar ju’da az. Ma’selen, kelbetlik so’z shaqaplari’n woqi’ti’wg’a baylani’sli’ metodikali’q miynetlerde ju’da az ha’m qi’sqa ayti’lg’an.

Jumi’si’mi’zdi’n’ maqseti 5 - klassta wo’tiletug’n kelbetlik so’z shaqabi’, woni’n’ ma’nilik tu’rlerin woqi’ti’wg’a baylani’sli’ pikirler bildiriw, woqi’ti’w

metodlari', jan'a metodikali'q texnologiyalar boyi'nsha metodikali'q ko'rsetpeler beriw boli'p yesaplanadi'. Jumi'sti' jazi'wda ta'jriybeli mug'allimlerdin' is usi'llari'nan, metodikali'q qollanbalardan, ilimiy – metodikali'q a'debiyatlardan paydalandi'q.

Qaraqalpaq tilinde kelbetlik so'z saqabi'n woqi'ti'wga baylani'sli' E.Berdimuratov, Q. Pirniyazovti'n' "Worta mekteplerde qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodikasi'" (No'kis,1988), B.Qutli'muratov, P.Kenjebaebalardi'n' "Qaraqalpaq tili morfologiyasi'n woqi'ti'w usi'llari'"(No'kis, 1996), miynetlerinde qi'sqa pikirler ayti'lg'an. Kelbetlik ha'm won'i'n' ma'nilik tu'rlerin woqi'ti'wg'a baylani'sli' wo'zbek tilinde A.G'ulomov, Q.Nematovti'n' "Ona tili ta'lim mazmuni" (Toshkent, 1995), A.G'ulomov, M. Qodirovti'n' "Ona tilin o'qitish metodikasi " (Toshkent, 2011), B. Tuxliev, M. SHamsiev, P.Ziyadovalardi'n' "O'zbek tilin o'qitish metodikasi" (Toshkent, 2006), qazaq tilinze A'. Isabaevti'n' "Qazaq tilin woqi'ti'w metodikasi'" (Toshkent, 2003) ha'm J.Nurjanni'n' "Qazaq tilin woqiti'w texnologiyasi' " (Almati, 2008) miynetlerinde qi'sqa toqtap wo'tilgen. Kelbetliktin' ha' bir tu'rin woqi'ti'w, woqi'ti'wda jan'a pedagogikali'q texnologiyalardi' qollani'wg'a baylani'sli' pikirler az berilgen.

Kelbetlikti woqi'ti'wg'a baylani'sli' "Til va adabiyot ta'limi", jurnali'nda "Mug'allim ha'm u'zliksiz bilimlendiriw", "Bilim bulag'i'" jurnallari'nda ayi'ri'm maqalalar ja'riyalang'an. Bul maqalalarda kelbetlikti woqi'ti'wg'a baylani'sli' ayi'ri'm pikirler ayti'lg'an.

Bizin' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' maqseti kelbetlik ha'm woni'i'n' tu'rlerin, jasali'wi'n, da'rejeleri ha'm sintaksislik xi'zmetin woqi'ti'w boyi'nsha metodikali'q ta'jriybelerge, ilimiy – metodikali'q miynetlerge su'yene wo'ti'ri'p wo'z pikirlerimizdi bildiriw. Kelbetlik so'z shaqabi' tilimizde ko'p qollani'latug'i'n, stillik mu'mkinshilikleri ken' so'z shaqaplari'ni'n' biri. Sonli'qtan biz, mekteplerde woqi'wshi'larg'a kelbetlik boyi'nsha tek grammatikali'q qag'i'ydag'a tiykarlani'p teoriyali'q bilim berip qoymastan,

wolarg’a kelbetliklerdin’ qollani’w wo’zgesheliklerin, a’meliy ta’replerin u’yretip bari’wi’mi’z za’ru’r. Bul ushi’n mug’allim woqi’wshi’g’a ha’r qi’yli’ metodlar ja’rdemindebilim beriwi, pedagogikani’n’ sheberligi tiykari’nda woqi’wshi’lardi’ sabaqqa qi’zi’qti’ri’p barsa maqsetke muwapi’q boladi’. Sonli’qtan, bizin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’z mekteplerde, akademiyali’q litsey ha’m kolledjlerde kelbetlik so’z shaqabi’n woqi’ti’wda teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye boladi’ dep woylaymi’z.

# I BAP. KELBETLIK HA’M WONI’N’ TU’RLERIN WOQI’TI’W USI’LLARI’

## 1.1. Kelbetlik haqqi’nda uli’wma tu’sinik beriw usi’llari’

Kelbetlik so’zlerdi teren’ u’yreniw ha’m woni’ sanali’ wo’zlestiriw arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ awi’zsha ha’m jazba til bayli’gi’ rawajlanadi’, wo’z pikirin basqalarg’a ani’q jetkeriwde sheshiwshi a’hmiyetke iye. Woqi’wshi’larda kelbetlik so’zler haqqi’nda bag’darlama talabi’na i’layi’q bilim payda etiw ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’; iske asi’ri’w kerek:

1.Tematikali’q joba du’zgende kelbetlik ushi’n aji’rati’lg’an saatlardi’ temalar boyi’nsha duri’s bo’listire biliw ha’m wonda qollani’latugi’n tiyisli metodikali’q usi’llar menen metodlardi’ ani’qlap ali’w.

2.Woqi’wshi’lardi’n’ sabaqqa bolg’an belsendiligin ha’m qi’zi’gi’wshi’li’gi’n boldi’ri’w.

3.Kelbetlik so’zlerdi leksika, fonetika tarawlari’ ha’m basqa so’z shaqaplari menen baylani’sli’ wo’tiwdi ju’zege asi’ri’w.

4.Woqi’wshi’lardi’n’ sabaqli’q boyi’nsha ha’m ko’rkem a’debiyat tiykari’nda berilgen tekstler u’stinde islew uqi’pli’n qa’liplestiriw.

5.Woqi’wshi’lardi’n’ kelbetlik so’zlerdi tekst ishinen tan’lap ali’wi’na,woni’n’ atli’q ha’m ra’wishlerden ayi’rmash’i’li’g’i’n bilip ali’wi’na yerisiw.

A’lbette, bul talap ha’m wazi’ypalardi’ sabaqti’n’ bari’si’nda iske asi’ri’wda mug’allim birinshiden , ko’binese woqi’wshi’larg’a wo’z betinshe do’retishilik jumi’slardi’ turaqli’ tu’rde isletip bari’wi’ sha’rt.Wonda ko’p noqatti’n’ worni’na zatti’n’ belgisin bildiretug’i’n so’zlerdi tapti’ri’p, wog’an sorawlar qoydi’ri’w, berilgen tekst ya’ki ga’plerdegi kelbetlik so’zlerdi tapti’ri’p, wolardi’n’ qaysi’ so’z shaqabi’ menen baylani’si’p turg’ani’n ani’qlatti’ri’w, ya’ki da’slep qanday?

Qaysi'? sorawi'na juwap beretugi'n so'zlerdi tapti'ri'w ha'm woni'n' ma'nilerin aytti'ri'w, woni'n' qaysi' so'zdin' belgisin, ya tu'rin, ya ko'lemin, yaki salmagi'n bildirip turg'ani'n ani'qlati'w ha'm ga'p ishinde keltirip jazdi'ri'w kerek boladi'.

Ha'zirgi da'wir talabi'na muwapi'q jan'a pedagogikali'q texnologiyalardan paydalani'p sabaq wo'tiw bu'gingi ku'nnin' talabi'.Kelbetlik haqqi'nda woqi'wshi'larg'a uli'wma tu'sinik bergende woqi'wshi'lardi'n' qatnasi' menen da'slep taqtada bir neshe mi'sallar islep (pinbord usili), son' slaydlar arqali' bir neshe ga'pler beriledi ha'm wolardan kelbetliklerdi taptiriw kerek. Sonday-aq, woqi'wshi'larg'a shi'ni'gi'wlar isletkende ha'r bir woqi'wshi'ni'n' wo'zine jeke tarqatpa materiallar berip jeke islesiwge boladi'.

Worta mekteplerdin' 5 – klasslari'nda kelbetlikke 20 saat waqi't aji'rati'lgan.Birinshi sabaqta kelbetlik haqqi'nda uli'wma tu'sinik sabaqta kelbetliktin' jasali'wi', yag'ni'y tiykar ha'm do'rendi kelbetlikler, keyingi sabaqlarda omonim ha'm antonim kelbetlikler ha'm kelbetliklerdin' da'rejeleri aytiladi'.Qospa kelbetlikler ha'm wolardi'n' tu'rleri, kelbetliklerdin' atli'qti'n' worni'na qollani'li'wi' keyingi sabaqta o'tiledi. A'lbette, bul metodikali'q usi'llardi'n' anaw yaki mi'naw tu'ri sabaqta wo'tiletug'i'n temani'n' ha'm wondag'i islenetug'in a'meliy jumi's tu'rlerinin' mazmuni' menen ko'lemine qaray tan'lani'p qollani'ladi'.

Kelbetliklerdi u'yreniwde induktiv, deduktiv metodi' u'lken a'hmiyetke iye. A'sirese, kelbetliklerdin' jasali'wi' menen woni'n da'rejelerin tu'sindiriwde ha'm woni' bekkemlew sabaqlari'nda induktiv, deduktiv usi'llari'nan paydalani'w woqi'wshi'lardi'n' wo'tilgen materialdi' teren' wo'zlestiriwinin' birden bir joli'.Ma'selen, berilgen kelbetlik so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtaga ayi'ri'w woni'n' da'rejelerin tallap ko'rsetiwge tallaw usi'lin qollani'wi'mi'z kerek. Al, berilgen so'zlerge tiyisli qosi'mtalar qosi'p, kelbetlik yaki kelbetliktin' da'rejelerin jasawda induktiv usi'li' paydali' boli'p tabi'ladi'. Kelbetlikke ta'n wo'zgeshelik belgilerdi

ha’m woni’n’ basqa so’z shaqaplari’nan ayi’rmashi’li’qlari’n woqi’wshi’larg’a tu’sindiriwde gu’rrin’ usi’li’nan paydalani’w u’lken a’hmiyetke iye.

Bizdi qorshag’an zatlardi’n’ tu’r-tu’si sapasi’ , woni’n’ ko’lemi mudami’ bir tu’rli si’nli’q qa’siyetke iye bola bermeydi, wolar ha’r turli da’rejede boli’p keledi. Zatlardi’n’ bunday qa’siyetleri kelbetliktin’ da’rejeleri arqali’ ani’qlanadi’. Zatlardi’n’ ha’r qiyli’ qa’siyetlerin ko’rsetiw ushi’n sol zatlardi’n bar bolsa wo’zin yamasa ren’in, ko’lemin ko’rsetetugi’n ko’rsetpe qurallar islep, soni’n’ ja’rdeminde kelbetliktin da’rejelerin ha’m wonin jasali’w usi’llari’n tu’sindirgen maqul. Sebebi woqi’wshi’lar sol zatlardi’ ko’z benen ko’riw arqali’ wolardi’ bir-biri menen sali’sti’radi’ bir-birinen wo’zgesheligin ayi’ri’p tani’ytug’i’n boladi’.

Mug’allim kelbetliktin’ da’rejelerin tu’sindirgende ha’r bir da’rejenin’ wo’zine ta’n ma’nilik jaqtan wo’zgesheligin ha’m jasali’w jollari’n ko’rsetpeli qurallar ja’rdeminde, sonday-aq ha’r tu’rli mi’sallar arqali’ tu’sindiriwi lazi’m.Woqi’wshi’lardi’n’ belsendiligin ha’m qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w ushi’n wonnan aldi’n’g’i’ sabaqta ha’r bir woqi’wshi’g’a jurnal yaki kitap betlerindegi ha’r qi’yli’ ren’li su’wretler tawi’p keliwge tapsi’rma beriledi.Woqi’wshi’lardi’n’ wo’zleri ali’p kelgen su’wretleri menen awi’zsha gu’rrin’ wo’tkeriledi.Ga’p ishinde zatti’n’ belgilerin bildiretugin zatlardi’n tu’r-tu’sin, salmag’i’n , sapasi’n ha’m mug’dar - da’rejesin bildiretugin so’zlerdi ga’p ishinde keltirip ga’p qurati’w kerek.

Misali’: Su’wrette awi’l ko’rinisi. Ta’biyat ati’z ko’rinisi. Jazg’i dem alista balalar ati’zda qawi’n, pomidor, qiyar, garbi’z ja’ne basqa da paliz eginlerin ji’ynap jur.Miywe atlari da pali’z eginlerinin’ atlari’ da atli’q so’zler boladi.Sol zatlardi’n’ tu’r-tu’sin, sapasi’n, ko’lemin belgisin bildirip qanday? degen sorawga juwap beretugi’n so’zlerdi tawi’p jazi’wi’ kerek.

U’lken qawi’n awi’r qawin,sari’ qawi’n/ en’ mazali’ qawi’n. h.t.b.

Kelbetlik so’zler tilimizde jiyi qollani’latug’in so’z shaqabi’ boli’p, wol zatti’n’ si’ni’n, si’pati’n, qa’siyetin, ko’lemin, tu’r - tu’sin bildirip keledi.

Kelbetlik so'zler menen woqi'wshi'ar baslawi'sh klastan-aq tani's. Wolar boyi'nsha a'meliy jumi'slar arqali' zatti'n' tu'r-tu'si, belgisi degennen wolar zatti'n' tu'rin bildiretug'i'n qi'zi'l, aq, ko'k, qara usag'an so'zlerdi ko'birek yesinde saqlaydi'. Bunnan basqa zatlardi'n' da'mi (mazali', ashshi'), zatti'n' ko'lemin (uzi'n, qi'sqa, do'n'gelek), waqi't belgisin (mekteptegi, aspandag'i', u'ydegi), wo'lshemge baylani'sli' (awi'r, jen'il) adamni'n' jasi', minez – qu'lqi'na baylani'sli' (jas, g'arri', kishipeyil, uri'sqaq), zatti'n' sapasi'na baylani'sli' (jaqsi', jaman, suli'w) h.t.b kelbetliklerdi jaqsi' aji'rata almaydi'. Kelbetliktin' qanday? qaysi'? sorawlari'na juwap beretug'i'nli'g'i'n belgi menen, kelbetliktin' leksikali'q, gramatikali'q belgileri woqi'wshi'ni'n' qi'yi'n. Sonli'qtan mug'allim woqi'wshi'lardi'n' kelbetlikti ma'nilik wo'zgesheligin bi'liwine itibar beriwi kerek. Bunda mug'allim kelbetlikti atli'q so'zler menen baylani'sti'ri'p u'yretiwi talap yetiledi.

Kelbetlikti woqi'ti'wda mug'allim to'mendegilerge itibar beriwi talap yetiledi.

Mug'allim birinshiden, ko'binese woqi'wshi'larg'a wo'z betinshe do'retiwshilik jumi'slardi' turaqli' tu'rde isletip bari'wi' sha'rt. Wonda ko'p noqatlardi'n' worni'na zatti'n' belgisin bildiretug'i'n so'zlerdi tapti'ri'p, wog'an sorawlar qoydi'ri'w, berilgen tekst yaki ga'plerden kelbetlik so'zlerdi tapti'ri'p, wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi' menen baylani'si'p turg'ani'n ani'qlatti'ri'w, ya'ki da'lep qanday? qaysi? Sorawlari'na juwap beretug'i'n so'zlerdi tapti'ri'w ha'm wonin' ma'nilerin aytti'ri'w, woni'n' qaysi' so'zdin belgisin, ya formasi'n, yaki ko'lemin, yaki salmag'i'n bildirip turg'ani'n ani'qlatti'ri'w kerek.

Berilgen kelbetlik so'zlerge tiyisli atli'q so'zlerdi tawi'p qoydi'rti'w, yaki wolardi' ga'p ishinde keltirip jazdi'ri'w, yaki wo'z yadlari'nan kelbetlik so'zler tapti'ri'p, ma'nilerin awizsha aytti'ri'w, berilgen kelbetlik so'zlerdin' sinonimlerin yaki woni'n' antonimlerin tapti'ri'w ha'm ma'nilerin aytti'ri'w, berilgen so'zlerge tiyisli qosi'mtalar qosi'p kelbetlikler jasaw, tekst yaki ga'plerden do'rendi

kelbetliklerdi tawi’p, woni’ tu’bir ha’m qosi’mtag’a ayi’ri’w ha’m woni’n’ qaysi’ so’z shaqabi’nan jasalg’ani’n ani’qlatti’ri’w, berilgen sorawlarg’a awi’zsha yaki jazba tu’rde juwap beriw, tekst yaki u’zindi tiykari’nda qi’sqa yaki toli’q bayan jazdi’ri’w, teksttegi kelbetliklerdin’ da’rejelerin tabi’w, kelbetlik so’zlerge tiyisli qosi’mtalar qosi’w arqali’ kelbetliktin’ da’rejelerin jasaw, do’retiwshilik so’zlik diktant jazdi’ri’w, ga’plerdegi qollani’lg’an kelbetlik so’zlerdin’ sintaksislik xi’zmetin ani’qlaw ha’m t.b usi’ usag’an a’meliy jumi’slardi’ izbe-iz isletip beri’wi’mi’z tiyis. Kelbetlik haqqi’nda woqi’wshi’larg’a uli’wma tu’sinik bergende woqi’wshi’lardi’n’ qatnasi’ menen da’slep taxtada birneshe mi’sallar islep, wonnan keyin sabaqli’qtan kelbetlikke arnalg’an bir shi’ni’g’i’wdi’ woqi’wshi’larg’a wo’z betinshe isletiw kerek. Shi’ni’g’i’wdag’i’ kelbetlik so’zlerdi woqi’wshi’larg’a tapti’rg’annan keyin, mug’allim u’yde tayarlap kelgen ko’rsetpe quraldi’ taxtag’a ildiriw tiyis. Wonda sari’ boyaw, qi’zi’l qa’lem, ko’k ko’ylek, mazali’ qawi’n, dushshi’ suw, ulken jay, uzi’n terek, jaqsi’ kiyim, jaman jay zatti’n’ tu’rin – tu’sin, sapasi’n, qa’siyetin, belgisin, da’min ha’m t.b si’rtqi’ shiyki formalari’n korsetetug’i’n so’zler jazi’lg’an boladi’. Woqi’wshi’larg’a bul so’zlerdi woqi’tti’ri’p, wog’an baylani’sli’ tiyisli zatlardi’ ko’rsetip, wolardi’n’ belgileri menen baylani’sti’ri’p tu’sindiri’w za’rur. Woqi’wshi’larg’a joqari’dag’i’ so’zlerdin’ zatti’n qanday belgilerin bildirip turga’ni’n ani’qlatqannan keyin kelbetliktin’ aniqlamasi’, kelbetliktin’ zatlardi’n’ tu’r - tu’sin, yaki sapasi’n ha’m t.b qa’siyetlerin bildirip kelgenligin woqi’wshi’larg’a ha’r ta’repleme tu’sindiriw ushi’n ha’r turli metodikali’q uai’llardan paydalani’w kerek. Ma’selen: Bir g’ana kelbetlik so’zdin’ wo’zi birneshe zatlardin’ kelbetin kor’setip kelse, al geyde bir zatti’n’ ha’r turli si’nli’q belgilerin ko’rsetip kele beredi. Buni to’mendegidey tablica ja’rdeminde tu’sindirse boladi’.

Qi'zi'qli'

Taza

Kitap Go'ne

Buri'ng'i'

Ko'p tomli'q

Kishkene

Mug'allim woqi'wshi'larg'a kelbetliklerdin' ga'pte atli'q so'zler menen baylani'si'p keliwin ha'm ga'ptegi ma'nilerin tusindiriwde tiykari'nan induktiv, deduktiv, ko'rsetpelilik ha'm soraw-juwap usi'linnan ken' paydalani'wi' kerek. Al, kelbetlik so'zlerdin' zatlardi'n' tu'r - tu'sin, yaki ko'lemin, yaki salmag'in yamasa sapasi'n bildirip kelgenligin bildiriwde wolardi' bir-biri menen sali'stiriw arqali' tu'sindirilse, woqi'wshi'lar wolardi'n' wo'zgesheligin qiyi'nshi'li'qsi'z ug'i'p aladi. Mi'sali': U'y so'zin ali'p, woni'n' si'nli'q belgilerin to'mendegishe ko'rsetse boladi'.

**I.**

U'lken

Biyik

Ken' Jay

Tar

**II.**

suli'w

Jay

jaqsi'

**IV.**

Aq Jay

**III.**

Taza

Jay

Go'ne

Kelbetlik so’zlerdi bir-birine sali’sti’ri’w arqali’ kelbetliklerdin’ zatlardi’n’ ha’r tu’rli si’nli’q belgilerin bildirip keletug’i’nli’g’i’n, yag’ni’y aq, qi’zi’l, sari’, ko’k, qon’i’r t.b kelbetliklerdin’ zatlardin’ tu’rin: awi’r, jen’il sozlerdin’ zatlardi’n’ salmag’i’n: kishi, ulken, qi’sqa, biyik kelbetlikleri zatlardi’n’ ko’lemin: jaqsi’, jaman, jumsaq, qatti’ kelbetlikler zatti’n’ sapasi’n bildiretug’i’n teren’ wo’zlestirip ali’w mu’mkinshiligi tuwadi’. Woqi’wshi’lar usi’nday tu’sinikke iye bolg’annan keyin g’ana: zatlardi’n’ tu’r – tu’sin qanday kelbetlik so’zler bildiredi? Zatlardi’n’ ko’lemin ne? zatlardi’n’ sapasi’n qanday so’zler bildiredi? Yamasa awi’r, jen’il so’zleri zatlardi’n’ qanday belgisin bildirip keledi? degen sorawlar berilip, wog’an tiyisli juwap ali’nsa boladi’.

Bul jerde di’qqat etetug’i’n bir na’rse, woqi’wshi’lardi’n’ sorawlarg’a juwap beriwde, ondag’i’ keltirilgen kelbetliklerdi atli’q so’zler menen qosa ali’p mi’sal keltiriw lazi’m.

Woqi’wshi’lardi’n’ so’zlik bayli’g’i’n asi’ri’wda kelbetlik so’z shaqabi’ni’n’ imkaniyatlari’ sheksiz. Aldi’nnan ma’lim bolg’an ren’ – tu’s, maza – da’m, adam, na’rse buyi’mni’n’ belgileri, tu’ri, ko’lemi, wo’lshew bildiriwshi so’zler, wolardi’n’ qanday? qaysi’? sorawlarg’a juwap beriwi, belginin’ da’rejesin bildiriw si’yaqli’ pikirlerge su’yengen halda kelbetliktin’ ma’nileri aji’rati’ladi’.[2]

Mug’allim da’slepki sabaqti’ woqi’wshi’lardi’n buri’n kelbetlik tuwrali’ alg’an bilimine su’yene woti’ri’p gu’rrin’lesiwden baslag’ani’ jaqsi’ 2) Zat degen ne? Qanday zatlardi’ bilesiz? Usi’ zatlardi’n’ tu’r - tu’si, belgisi qanday? Bul so’zlerdi qaysi’ so’z shaqabi’ dep edik? Bul so’zlerge qanday sorawlar qoyi’wg’a boladi’?

Bul sorawlar arqali’ gu’rrin’lesip, wo’zlerine mi’sallar tapti’ri’p, mug’allim tiyisli juwmaq isleydi, woqi’wshi’lardi’n’ diqqati’n kelbetlik so’zlerdin’ wo’zgesheligine awdaradi’.

---

[2] Tuxliev B. Shamsieva M, Zi’yadova. O’zbek tilin o’qitish metodikasi. Toshkent,2006.

Woqi’wshi’ kelbetlik u’yreniwge kiris sabag’i boyi’nsha gu’rrin’ wo’tkergende, wolardan ko’p na’rse talap etilmeydi. Da’slepki shi’ni’g’i’wlarda ga’p ishinen kelbetlikti tawi’p, woni’ basqa so’z shaqaplari’nan ayi’ra biliw, wog’an duri’s soraw qoyi’p biliwi ha’m qanday soz shaqabi’ menen baylani’sli’ boli’p keliwin itibarg’a ali’w kerek. A’sirese, kelbetliktin’ atli’q menen baylani’sli’g’i’n tu’sindiriw kerek. Wol ushi’n atli’qti’n’ grammatikali’q belgilerin yeske tusiriw wori’nli’.

## 1.2. Kelbetliktin’ ma’nilik tu’rlerin woqi’ti’w usi’llari’

Qaraqalpaq tilinin’ so’z shaqaplari’n woqi’ti’wda ha’r bir so’z shaqabi’ni’n’ ma’nilik wo’zgesheligine, grammatikali’q wo’zgesheliklerine itibar beriw kerek.

So’z shaqaplari’ni’n’ ishinde kelbetlik so’z shaqabi’n woqi’ti’w ha’r bir mug’allimnen u’lken sheberkikti ha’m puxta tayarli’qti’ talap yetedi. Mug’allim woqi’wshi’larg’a taza temani’wo’tiw bari’si’nda olar menen ti’g’i’z islese ali’wi’ kerek. Sabaqti’n’ qi’zi’qli’ ha’m mazmunli’ boli’p wo’tiwi ushi’n mug’allim ha’r qi’yli’ metodlardan paydalansa maqsetke muwapi’q boladi’.

Qaqalpaq tili grammatikasi’ni’n’ morfologiya tarawi’ndagi’ basqa grammatikali’q kategoriyalar si’yaqli’ kelbetlik so’zlerdi mekteplerde u’yreniw de u’lken a’hmiyetke iye . Sebebi, kelbetlik so’z shaqabi’na kiretug’i’n so’zler de so’z shaqaplari’ni’n’ topari’nday ga’p qurawda da, wo’z pikirlerimizdi basqalarg’a tu’sinikli tu’rde jetkeriwde de tilimizde ju’da’ jiyi qollani’ladi’.

Kelbetliktin’ tu’rleri haqqi’nda mag’li’wmat beriw woni’n’ quri’li’si’n ani’qlaw menen tikkeley baylani’sli’. Sonli’qtan, kelbetliktin’in’ tu’rlerin u’yretiwde da’slepki sabaqti’ mi’sallardi’ talqi’lawdan baslaymi’z.

1. U’ydin’ qaptali’nda qi’zi’l, sari’ gu’ller wo’sip tur.

2. No’kiste suli’w ha’m biyik jaylar Sali’ni’p ati’r.

3. Sapura aqi’lli’ ha’m bilgish woqi’wshi’.

4. Klasslas doslari'mi'z Amet ha'm Asan a'depli ha'm ta'rtipli balalar.

Biz woqi'wshilar menen gu'rrin'lesiw arqali' mi'sallardan kelbetliklerdi ani'qlaymi'z.1 ha'm 2 – mi'sallardag'i' qi'zi'l, sari', suli'w ha'm biyik kelbetlikleri tu'bir so'z tu'rinde zatti'n' belgilerin, tu'rlerin bildirip turg'ani'n aytami'z. Al, 3 - 4 – mi'sallardag'i' aqi'l - li', bil – gish, a'dep - li ha'm ta'rtip – li kelbetlikleri atli'q ha'm feyil so'zlerge so'z jasawshi' qosi'mtalar osi'li'w arqali' zatti'n' belgisin bildirip turg'anli'gi'n tu'sindiremiz. Demek, tiykar yamasa do'rendi kelbetlikler tu'bir so'z tu'rindegi zatti'n' tu'r – tu'sin, belgilerin, sapasi'n bildirip turatug'i'nli'g'i'n ayti'p wo'temiz. Al, do'rendi yamasa qatnasli'q kelbetlikler zatti'n' belgisin tikkeley ko'rsetpey, basqa so'zlerge baylani'sli' bildirip keletug'i'nli'g'i'n aytami'z. Bunnan keyin taxtag'a bir neshe mi'sallar jazi'p, wolardi' tiykar ha'm do'rendi kelbetliklerge aji'rati'wdi' tapsi'rami'z.

Mi'sali': Jaqsi', uzi'n, kelte, ken', taza, u'lken, qara, qi'zi'l, shi'rayli', mazali', wo'tkir, tar, tawday, aq, suli'w, ari'q, azang'I', semiz, ashi'wshaq, muzday, jumsaq h.t.b.

So'zlerdi morfemalarg'a aji'rati'w arqali' kelbetliklerdi do'rendi ha'm tiykar kelbetliklerge ayi'ri'w ushi'n taxtag'a tayar ko'rgizbeli qurallardi' tapsi'rami'z.

| **Tiykar kelbetlik** | **Do'rendi kelbetlik** |
|---|---|
| Ko'k | terekli |
| Ashshi' | a'depli |
| Jasi'l | sezgir |
| Jumsaq | ku'shli |
| Juwan | awi'llas |
| Taza | ta'rtipsiz |

Bunda so’zlerdin’ tek tu’bir so’zlerden yamasa tu’bir ha’m qosi’mtadan turatug’i’nli’g’i’ ani’qlanadi’.

Kelbetlikler quri’li’si’ jag’i’nan tiykar ha’m do’rendi kelbetlikler boli’p yekige bo’linedi. Tu’bir kelbetlikerdin’ keynine hesh qanday qosi’mtalar qosi’lmasa tiykar kelbetlik boladi’. Mi’sali’: Ko’k, taza, aq, jasi’l, qi’zi’l.

Do’rendi kelbetlikler atli’q, feyil,ra’wish so’zlerdin’ keynine – li’/ li, - las/ - les, - si’z/ siz, - g’i’ / gi, -g’i’sh / gish, g’ir/gir, - day/ dey t/b qosi’mtalardi’n’ qosi’li’wi’ arqali’ jasaladi’. Mi’sali’ bag’ (atli’q), bag’li’ (kelbetlik), tap (feyil), tapqi’r (kelbetlirk), azan (ra’wish), azang’i’ (kelbetlik) klass (atli’q), klasslas (kelbetlik)h.t.b.

Bunnan keyin shi’ni’g’iwlar isleymiz, mi’sallardi’ tali’qlaymi’z ha’m woqi’wshi’larg’a tekstler jazdi’rami’z. Mi’sallardan tiykar ha’m do’rendi kelbetliklerdi aji’rati’wdi’ tapsi’rami’z. Mi’sali’:

Watan ku’nnen suli’w, alti’nnan qi’mbat.

Watansi’z adam bostansi’z bu’lbil.

Bilegi ku’shli birdi ji’g’adi’, bilimi ku’shli mi’n’di’ ji’g’adi’.

Tikeneksiz gu’l bolmas, mashaqatsi’z miynet bolmas.

To’mendegi tekstegi kelbetliklerdi tawi’p tiykar ha’m do’rendi kelbetliklerge bo’lip jazami’z:

No’kis suli’w qala. Onda taza, biyik jaylar sali’ni’p ati’r. Joldi’n’ boyi’nda ko’p qabatli’ jaylar boy tiklegen. Japlardan i’lay suwlar ag’i’p tur. Jollar tegis.Ayi’ri’m jerler woyli’ – ba’lentli . Ba’ha’rgi egis isleri baslani’p ketti.

Taxtag’a yeki woqi’wshi’ni’ shig’ari’p birewi tiykar, yekinshisi do’rendi kelbetliklerdi tawdi’:

| **Tiykar kelbetlik** | **Do’rendi kelbetlik** |
|---|---|
| Taza | ko’p qabatli’ |
| Biyik | woyli’ – ba’lentli |
| Qi’zi’l | ba’ha’rgi |
| Sari’ | |
| aq | |
| I’lay | |

Teksttegi mi’sallardi’ talqi’lawda ayi’ri’m jag’daylarda kelbetlik so’zlerdin’ aldi’nda ani’qlanatug’i’n ushi’rasatug’ni’n aytami’z. Mi’sali’: Ku’n suwi”q. Suw i’ss’i. Nan mazali’. Qala suli’w h.t.b.

Kelbetliktin’ ma’nisi ha’m grammatikali’q belgileri tuwrali’ bag’darlama talap yetken mug’darda woqi’wshi’larg’a sinonim, antonim kelbetliktler haqqi’nda mag’li’wmat beriw kerek.

Akademiyali’q liceyler ushi’n arnalg’an sabaqli’qta do’rendi ha’m tiykar kelbetlikler sapali’q ha’m qatnasli’q kelbetlikler dep u’yreniledi.

Antonim kelbetliklerdi tu’sindirmesten buri’n antonim so’zler haqqi’nda tu’sinik beriw kerek. Sol antonimlerdin ishinde tu’r – tu’sti, ren’di, sapani’, iyisti , mazani’ h.t.b belgilerdi bildiretug’i’n qarama – qarsi’ ma’nili so’zlerdi antonim kelbetlikler deymiz. Mi’sali’: Mazali’ qawi’n – da’msiz qawi’n, ku’shli adam – a’zzi adam.

Qarama – qarsi’ ma’nili kelbetlikler so’ylewde woy pikirdi ku’sheytiwge sebepshi boladi’. A’sirese, xali’q awi’zeki do’retpelerinde, soni’n’ ishinde naqi’l - maqallarda ju’da ko’p ushi’rasadi’. Woqi’wshi’larg’a usi’nday antonim kelbetlikleri bar naqi’l-maqallardi’ tabi’wdi’ tapsi’ri’w kerek. Bunday jag’dayda balalar wo’z betinshe woylanadi’. A’debiyat penen til bilimi wortasi’nda baylani’s payda boladi’. Misali: Ko’z qorqaq, qol bati’r. Jaqsi’ adam so’z ma’nisin an’laydi’, jaman adam shiyrin jandi’ qi’ynaydi’. Ashi’w araz, aqi’l dos. Aq iyt qara iyt ba’ri bir iyt. Ash bala toq bala menen oynamaydi’, toq bala hesh na’rseni woylamaydi’.

Kelbetlik so’zler ma’nilik jaqtan bir - birine jaqi’n boli’p keledi, degen menen wolardi’n’ biri ekinshisinen qanday da wo’zgesheligi menen parq qi’ladi. Mi’sali: ku’shli, mi’qli’, qari’wli’, g’ayratli’ degen kelbetlik so’zler ma’nilik jaqtan bir - birine jaqi’n, biraq so’ylewde birinin’ worni’na yekinshisi qollani’la bermeydi. Ku’shli jigit, mi’qli jigit, qari’wli jigit, g’ayratli jigit degen so’z dizbeklerinde wolar jigit so’zi menen baylani’sadi’. Al, xojali’q so’zi menen biri baylani’ssa, yekinshisi qansha ma’nisles bolg’ani’ menen ani’qlawshi’ kelbetlik so’z retinde qollani’la almaydi’: Ku’shli xojali’q (qari’w’li’ xojali’q, g’ayratli’ xojali’q yemes.) Usi’nday bir-birine ma’nilik jaqtan jaqi’n kelbetlik so’zler sinonim kelbetlikler dep ataladi’. Bulardi’ wo’z worni’nda qollana biliw kerek. Woqi’wshi’larg’a sinonim kelbetliklerdin bir si’n’ari’n jazdi’ri’p qalg’ani’n wo’zlerine tapti’ri’w kerek. Mi’sali’:

Shaqqan…

Mazali’…

Ali’s…

U’lken…

Ashshi’…

Suli’w…

Bilgish…

h.t.b

Sinonim kelbetlikler ko’rkem shi’g’armalarda ko’p qollani’ladi’. Woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlerine ko’rkem a’debiyatlardan sinonim kelbetliklerdi tabi’wdi’ ha’m qanday ma’nide jumsali’p turg’ani’, qanday xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’n ani’qlati’wg’a boladi’. Bul temalardi’ wo’tkende woqi’wshi’lardi’n’ wo’z betinshe isleytug’i’n jumislari’ni’n’ formasi’n ha’r qi’yli’ tu’rge wo’zgertip woti’ri’wi’ mu’mkin. Barli’q jumi’s bir sabaqta bola bermeydi, kelesi sabaqlarda ta’kirarlaw yamasa juwmaqlaw sabag’i’nda islenedi. Bularda mug’allim sabaqti’n’ jen’ilden awi’rg’a qaray quri’li’wi’na, woqi’wshi’lardi’n’

kelbetlik boyi’nsha sistemali bilim ali’p, a’meliy qollani’w ko’nlikpelerin artti’ri’wi’n ta’miyinlewi kerek. Kelbetlikti u’yreniwge baylani’sli’ sabaqli’qti’ ko’p g’ana a’meliy jumi’slardi’ tabi’w ma’nisin ani’qlaw tiykar ha’m do’rendi kelbetliklerdi ayi’ri’w, qalay jasalg’anli’g’i’n ani’qlaw si’yaqli’ jumi’slar islenedi. Sinonim ham antonim kelbetliklerdi ayi’riw,’ kelbetliktin’ sintaksislik xi’zmetin ani’qlaw si’yaqli jumi’slar wori’nlanadi’. Bizin’she’ bul ele jetkiliksiz. Sebebi kelbetliklerdi ayri’qsha stilistikali’q xi’zmet ju’klenedi. Sonli’qtan kelbetliklerdi woqi’wshi’larg’a u’yretiwshilik jumi’slarda isleniwi kerek. Su’wret, kartochkalarga qarap tekstler du’ziw. Do’retiwshilik diktant bayan jumi’slarin wo’tkerip, wonda kelbetlik so’zlerdin’ qollani’li’w wo’zgesheligine itibar beriw kerek boladi’. Qaraqalpaq naqi’l – maqallari’ndag’i’ sinonim, antonim kelbetliklerdi ani’qlaw boyi’nsha da woqi’wshi’lar wo’z betinshe islewi kerek. Bul jumi’slardi’n’ barli’g’i’ woqi’wshi’lardi’n’ kelbetlik so’z shaqabi’n duri’s tu’sinip, woni’ a’melde qollani’w ko’nlikpelerin payda etedi.

## 1.3.Kelbetliktin’jasali’wi’n woqi’ti’w

Kelbetlik sozlerdin’ jasali’wi’n woqi’ti’w biraz quramali’. Sebebi kelbetlikler atawi’sh so’zlerden de, feyil so’zlerden de jasaladi’. Kelbetlik so’zlerdi jasawshi’ qosi’mtalar ha’r qi’yli’ bolg’anli’qtan, wolar bildiretug’in sha’rtler de ha’r qi’yli’ bolip keledi. Sonli’qtan, bul tuwrali’ woqi’wshi’larg’a bilim beriwde, birinshiden qosi’mtasi’z kelgen da’slepki tu’bir so’zdin’ leksikaliq ma’nisin ani’qlaw kerek bolsa, ekinshiden qosi’mta qosi’li’w arqali’ jasalg’an kelbetlik so’zdin’ leksika-grammatikali’q ma’nisin ani’qlaw kerek boladi’. Bul ushi’n wolardi’ bir - birine sali’sti’ri’w joli’ menen tu’sindiriw kerek.

Kelbetlikler tek so’z jasawshi’ qosi’mtalar menen g’ana yemes, al so’z qosi’li’w usi’li’ arqali’ da jasaladi’. Bunda so’zlerdin’ dizbeklesiwi, juplasi’wi’,

biriktiriw arqali da zatti'n' belgisin bildiretug'in so'zler payda bolatug'i'nli'g'i'n woqi'wshi'larg'a tu'sindiriwimiz za'rur.

Bu'gingi ku'nnin' talabi' jaslardi' du'nya ta'lim satndartlari'na juwap bere alatug'i'n ilimli jaslar etip shi'g'ari'w boli'p tabi'ladi'. Sol ushi'n ha'r bir sabaqti' sapali', mazmunli' etip ayti'p bari'w, jan'a pedagogikali'q usi'llardi' qollani'w, zamanago'y kompyuter texnologiyalari'nan paydalani'w maqsetke muwapi'q keledi.

"Kelbetliktin' jasali'wi' " temasi'n wo'tkende ku'ndelikli sabaq jobasi'n bi'lay sho'lkemlestiriw kerek:

1. Sabaqti'n' temasi': Kelbetliktin' jasali'wi'.

2. Sabaqti'n' maqseti: Kelbetliktin' basqa so'z shaqaplari'nan qosi'mtalar qosi'w , so'zge so'z qosi'w ha'm leksika-semantikali'q usi'l menen jasalatug'i'ni'n tu'sindiriw.

3. Sabaqti'n' na'tiyjesi: Woqi'wshi'lar bul temani' wo'zlestiriw arqali' tomendegi bilim ko'rsetkishlerine iye boladi':

a) Atawi'sh ha'm feyil so'zlerge so'z jasawshi' qosi'mtalar qosi'li'w arqali' do'rendi kelbetliklerdin' jasali'wi'n;

b) So'zge so'z qosi'w arqali' qospa kelbetliklerdin' payda boli'wi', qospa kelbetliktin' wo'zi birikken, birikpegen, jup, ta'kirar kelbetlikler boli'p bo'linetug'i'ni'n;

v) leksika- semantikali'q usi'l menen jasalg'an kelbetliktin' adektivaciya (lat. Adjectium-kelbetlik) dep atalatug'i'ni'n ;

c) kelbetliktin' jasali'wi'n u'yreniw arqali' kelbetlikke morfoligiyali'q tallaw jasaw ko'nlikpesine iye boladi'.

4. Sabaqqa aji'rati'lg'an waqi't: 45-minut.

5. Sabaqti' qurallandi'ri'w: Taxta, por, marker, kompyuter, salydlari', bideokoz, bideoproektor, skaner, bideo ekran, tarqatpali' materiallar, sabaqli'q

ha’m shi’ni’g’iwlar. Sabaqti’ wotkeriw metodlari’, mug’allimnin’ tu’sindiriwi ha’m aqliy hu’jimi metodlarinan paydalani’ladi’.

6. Sabaqti’n’ bari’si’:

Woqi’wshi’lar menen sa’lemlesiwi, taxta, por, kompyuter, skaner ha’m t.b tayarli’g’i’n kozden wo’tkeriw. Qatnasti’ barlaw ha’m kabinettin’ tazali’g’’n ko’zden wo’tkeriw.

Tema: Kelbetliktin’ jasali’wi’

Joba:

1. Atawi’sh tiykarli’ do’rendi kelbetlikler
2. Feyli tiykarli’ do’rendi kelbetlikler
3. Qospa kelbetlikler ha’m wolardi’n’ tu’rleri
4. Kelbetliktin’ leksika-semantikali’q usi’l menen jasali’wi’.

Temani’, jobani’ taxtag’a jazi’p boli’p, woqi’wshi’lardi’n’ mektepte alg’an bilimlerin tekseriw maqsetinde wortag’a sorawlar taslayman. Bul arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ kelbetlik tuwrali’ qanday bilimge iye ekenligin biliwge mu’mkinshilik tuwadi’:

1. Kelbetlik degen ne?
2. Kelbetliktin’ qanday sorawlari’ bar?

Qi’sqali’, biyikli-pa’sli ha’m t.b.

a) Atli’qlarg’a jalg’anadi’: mazasi’z, na’tiyjesiz, ha’lsiz, ku’shsiz, aqi’lsi’z ha’m t.b

b) Almasi’qlarg’a jalg’anadi’; mensiz, sensiz, olsi’z, bulsi’z ha’m t.b.

-day/-dey, -tay/ -tey qosi’mtalari’.

a) atli’qtan: adamay, jinjidey, sebettey, aynaday ha’m t.b.

b) kelbetlikten: jaqsi’day, jamanday, woyi’mdag’i’day.

c) almasi’qtan: wonday, bunday, sonday, usi’nday ha’m t.b.

-g’i’/-gi, -qi’/ -ki qosi’mtalari’.

a) waqi’tli’q manidegi atli’qlarg’a  jalg’anadi’: jazg’i’, qi’sqi’, gu’zgi, ba’ha’rgi, tu’ski ha’m t.b.

b) waqi’tli’q ha’m  wori’nli’q  ma’nidegi ra’wishlerge jalg’anadi’: bu’gingi, keshegi, buri’ng’i, bayag’i’, ha’zirgi, bi’lti’rg’i, erten’gi t.b.

-shaq/ -shek, -shiq qosi’mtalari’.

a) atli’qlarg’a jalg’anadi’: ashi’wshaq, kewilshek ha’m t.b.

b) feyillerge jalg’anadi’: qi’zg’anshaq, jasqanshaq, yerinshek, u’yrenshik, uyalshaq, tarti’nshaq, umi’tshaq ha’m t.b.

-shi’l/ -shil qosi’mtasi’: qonaqshi’l, iyisshil, shawqi’mshi’l t.b.

- li’q/ -lik qosi’mtasi’:

Ko’yleklik, shiylik, awi’lli’q t.b.

- Shan’ _shen’ qosi’mtasi’:

a) adamni’n’ tuwi’sqanli’q jaqi’nli’gi’n ha’m bir jerde jasawdag’i’ wortaqli’q belgisin bildiredi: atlas, irgeles, qon’I’slas, shegaralas, jerles, qoralas ha’m t.b

b) adamni’n’ belgili bir predmetke, da’wirge, qari’m-qatnasqa ha’m xi’zmetine baylani’sli’ sheriklesgenligin, wortaqlasqanli’g’I’n bildiredi: sabaqlas, tabaqlas, dasturqanlas, aylas, ka’siples, zamanlas ha’m t.b.

v) pikirleslik, sezimlik, jaqi’nli’q ha’m isleytug’i’n isine, xi’zmetine qaray wortaqlasli’q belgisin an’latadi’: si’rlas, kewilles, pikirles, minezles t.b.

c) belgili bir predmettin’ yamasa adamni’n’ jeke wozine ta’n belgisin, woni’n’ si’ni’n, si’pati’n bildiredi: murtlas, saqallas, yetles, ju’nles t.b.

-paz qosi’mtasi’:  wo’nerpaz, jag’i’mpaz, kelisimpaz t.b.

-go’y qosi’mtasi’: zamanago’y, xoshametgo’y, aqilgo’y t.b

-dar  qosi’mtasi’: wo’nimdar , hasi’ldar t.b.

-kar/-ker/ -ger qosi’mtalari’: Gu’na’ker, hiyleker t.b

-laq qosi’mtasi’:  qumlaq, taslaq t.b.

-xor qosi’mtasi’: qanxor, jalaxor, jemxor t.b.

-biy/-na qosi’mtasi’: biygu’na, naduri’s, nailaj, biyu’mit t.b.

-i’y/ -iy qosi’mtasi’: tariyxi’y, siyasiy, a’debiy, qi’yali’y ha’m t.b.

-i’/-i qosi’mtasi’: qaraqalpaqi’, wo’zbeki, qazaqi’ t.b.

Feyil tiykarlari’ do’rendi kelbetlikler:

-g’i’r/- gir, qi’r/ -kir qosi’mtalari’: tapqi’r, shapqi’r, bilgir, keskir, alg’i’r ha’m t.b.

-mayli’/ -meyli, -bali’/ -beli, -pali’/- peli qosi’mtalari’: awmali’, ayni’mali’, serppeli, ko’shpeli, awi’spali’ ha’m t.b.

-awi’q/ -ewik/ -wi’q qosi’mtalari’: baqi’rawi’q, su’zewik, ku’ylewik, tebewik ha’m t.b.

-qi’sh/ -kish, -g’i’sh/ -gish qosi’mtalari’: aytqi’sh, ko’rgish, bilgish (bul qosi’mtalar -g’I’r/-gir, -qi’r/ kir qosi’mtalari’na sinonim boli’p keledi)

-qaq/ -kek, -g’aq/ -gek, -aq/ -ek, -i’q/ -ik, -q/-k qosi’mtalari’: uri’sqaq, tayg’aq, qorqaq, qashaq, u’rkek, kesik, tislewik, ji’lawi’q, ji’ri’q, ku’yik, jalpi’ldaq ha’m t.b.

-ag’an/ -egen qosi’mtasi’: qashag’an, tebegen, jatag’an, su’zegen t.b.

-asi’/-esi qosi’mtasi’: alasi’, beresi, ketesi, wo’lesi t.b.

-i’nqi’/ in’qi, -n’qi’ qosi’mtalari’: ko’terin’ki, shashi’ranqi’, pi’ti’ranqi’, tu’sin’ki, qi’si’nqi’, burisin’qi t.b.

-i’n’/-in qosi’mtasi’: sawi’n (si’yi’r), ag’i’n (suw), jasi’ri’n (is)

-ma/-me, -ba/-be, -pa/-pe qosi’mtalari’: woyma (jag’a), quyma (tis), jasalma (shash), jarma (qapi’), jazba (jumi’s), gezbe (adam) ha’m t.b.

-an’/-en’, -pan’/-pen’ qosi’mtalari’: qatan’, salpan’ (qulaq), wo’len’ t.b.

-si’z/ -siz qosi’mtasi’: qarawsi’z (mal), jari’ti’wsi’z (is), sorawsi’z (zat) t.b.

-qi’n/ -kin, -g’i’n/-gin qosi’mtasi’: tasqi’n (suw), satqi’n (adam), qi’zg’i’n (is)t.b.

Kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalardi’ elektron taxtada tuisindirip bolg’annan keyin woqi’wshi’lardi’n’ alg’an bilimin ja’ne slayda arqali ga’p ishinen kelbetlik soizlerdi ko’p noqatti’n’ worni’na tiyislisin qoydi’ri’w arqali’ bekkemlep wo’temiz.

1. Bun . . . . . . is wo’zin’. . . . sawat. . . . jigitke miyassar ma ?

2. Wolar xojali’qqa . . . . buyimlardi’ sati’p aldi’.

3. Tep-tegis ayna . . . asfaltta quyi’n . . . . ushi’p kiyati’r

4. Woni’n’ pikiri de menin’ woyimda . . . boli’p shi’qti’.

5. Bu’gin . . . isti erten’ge qaldi’rma.

6. Wol wog’ada uyal. . . jigit eken.

7. Kisi kiyimi kir. . . bolar,

Kisi ati’ ter. . . bolar,

Jaman adam min. . . . . bolar.

8. Qanli’ sawashtag’i’ okop…. Joralari’ esine tusti.

9. Go’ne jaylardi’n’ worni’na biyik etaj . . . . . , zaman . . . . jaylar boy tikledi.

10. . . . . . da’wlet adam paydasi’n bile me?

11. Serkebay woy . . . pishinde .. . . ilaj jaynamazi’n jaydi’.

12. Wol ush . . . . ati’na minip ji’ldi’ri’m . . . ushti’.

13. A’ygu’l Azatqa ber . . . . qari’zi’n ele sozi’p jur.

14. Shashi’ra . . . . woti’rg’an awi’lg’a gaz apari’w ju’da’ qi’yi’n.

15. Tilewbergen to’k . . . shayi’r edi.

16. Soraw . . . zat bar ma ?

17. Wolar qi’z . . . . is u’stinde ushi’rasti’.

Qospa kelbetlikler

Kelbetlikler tek so’z jasawshi’ qosi’mtalar jardeminde jasali’p g’ana qoymastan, sozlerdin’ dizbeklesip yaki ta’kirarlani’p keliwi arqali’ da

jasaladi’. Bunday so’zge so’z qosi’w arqali’ payda bolg’an kelbetliklerdi qospa kelbetlikler deymiz. Qospa kelbetliklerdin’ tu’ri bar.

1. Birikpegen qospa kelbetlikler
2. Jup kelbetlikler
3. Ta’kirar kelbetlikler
4. Birikken kelbetlikler

Birikpegen qospa kelbetlikler 3 tu’rli usi’l menen jasaladi’:

1) So’z qosi’li’wi’: ko’k ala, qara tori’, aq boz, qabaq bas, teke saqal, qoy ko’z, biyday ren’, badam qabaq t.b.

2) So’z qosi’li’w ha’m so’z jasawshi’ qosi’mtalar arqali’: uzi’n boyli’, suliw si’mbatli’, ala ko’zli, qara saqalli’, eki bo’lmeli ha’m t.b.

3) Leksika-sintaksislik usi’l menen yag’ni’y belgili bir so’z dizbeklerinin’ leksikalasi’p bir ma’nige iye boli’wi’nan da jasaladi’: ant urg’an, pir qaqqan, ko’rse qi’zar, bari’p turg’an t.b.

Jup kelbetlikler

Jup kelbetlikler zatlardi’n’ belgilerin ha’r ta’repleme uli’wmalasti’ri’p, si’patlap ko’rsetedi. Wolar ko’binese bir-birine antonim boladi’. U’lken-kishi, jaqsi’-jaman, mayda-shu’yde, uzi’n-shubay, jaman-ja’wtik t.b.

Ta’kirar kelbetlikler

Bir kelbetlik so’zdin’ jup so’z turinde ta’kirarlani’wi’nan jasaladi’. Mi’sali’: qi’zi’q-qi’zi’q, u’lken - u’lken ha’m t.b.

Kelbetliklerdin’ intensiv formalari’ da ta’kirar kelbetlikke kiredi: sup-suli’w, up-uzi’n, sap-sari’, u’p-u’lken t.b.

Birikken kelbetlikler

Eki so’zdin’ biri-biri menen ti’g’iz birigiwinen jasalg’an kelbetlikler birikken kelbetlikler delinedi.

Kelbetlik+ kelbetlik: esersoq, awmeser t.b.

1) Kelbetlik+atli'q: ashko'z, jari'mes, jalan'ayaq shaymiy ha'm t.b.

2) Atli'q+atli'q: almabas, qa'lemqas, jelo'kpe, suwmuri'n t.b.

3) Atli'q+kelbetlik: tamaqsaw, esalan', ko'zashi'q t.b.

4) Atli'q+kelbetlik feyli: gu'dibuzar, esti'yar, shanashi'r qosjaqpas t.b.

5) Intensiv formadag'I kelbetliklerdin' birigiwinen jasaladi': appaq, na'mnag'an t.b.

**Leksika-semantikali'q usi'l**

Basqa so'z shaqaplari'ni'n' kelbetlikke leksika-semantikali'q usi'l menen wo'tiwi adektivaciya (lati'nsha kelbetlik) dep ataladi'.

Ga'p ishinde kelbetlikke –g'an/ -gen, -qan/-ken formali' kelbetlik feyiller wo'te aladi'. Mi'sali': Men atamani'n' wa'siyati' menen kelisken bir nayza sog'i'p ati'rman. Qaynag'an i'ssi'da qumlardi' gezip. Geypara ga'plerde atawi'sh feyil, hal feyil, feyildin' betlik formasi' da kelbetliktin' worni'na qollani'ladi'. Mi'sali': Adam peyli azsa qurg'i'n turmi'sta. Ko'tere shan-sha'wket da'stu'r quwi'spa. Taza temani' juwmaqlap boli'p, woqi'wshi'lardi'n' alg'an bilimin tekseriw maqsetinde test wo'tkeriwge boladi'.

Test sorawlari'

1.Uzi'n boyli' qi'z yesikten kirip keldi. Berilgen ga'pte qanday kelbetlik bar?

a) birikken kelbetlik

b) birikpegen kelbetlik

c) do'rendi kelbetlik

d) tiykar kelbetlik

2.Awi'ldag'i' klasslas doslari' yesine tu'sti. Neshe jerde kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar bar?

a) bir jerde

b) eki jerde

c) u’sh jerde

d) to’rt jerde

3.Jan’ag’i’ adam… adam yeken. Ko’p noqatti’n’ worni’na kereklisin qoy.

a) ant urg’an

b) bari’p turg’an

c) ko’rse qi’zar

d) mine degen

4.Yeki bo’legi de ma’nige iye bolmag’an jup kelbetlikti tabi’n’?

a) jaqsi’ - jaman

b) jaman - ja’wtik

c) mayda-shu’yde

d) shi’m – shi’ti’ri’q

5.Birikpegen qospa kelbetlikti tap?

a) ko’k - ala,qara-tor

b) qa’siyeti-joq, shay-miy

c) na’m – nag’an, u’p - u’lken

d) aman - esen, ilgerili - keyinli

6. Men bir qatqan qosi’q jazi’p keldim.Ga’pte kelbetlik barma?

a) birikken kelbetlik

b) birikpegen kelbetlik

c) jup kelbetlik

d) leksika –semantikali’q usi’ldag’i’ kelbetlik

7.Bizin’ respublikami’z ken’ ko’lemli ta’biyg’i’y jaylawlarg’a iye. Qanday kelbetlikler bar?

a) birikken, birikpegen

b) birikpegen,do’rendi

c) jup ha’m birikken

d) birikpegen, tiykar

8. Baqi’rawi’q tu’yenin bari’ jaqsi’.Kelbetlik qaysi’ so’z shaqabi’nan jasalg’an?

a) feyilden

b) atli’qtan

c) ra’wishten

d) sanli’qtan

9.Feyil tiykarli’ kelbetlikti tabi’n’?

a) quwi’rma,  a’debiy

b) siyasiy,ozbeki

c) otkir,suzewik

d) bilgir,pamsiz

10.Jer beti woyli - biyikli boli’p keledi? Qanday irkilis belgisi tu’sip qalg’an?

a) noqat

b) u’tir

c) si’zi’qsha

d) ti’rnaqsha

11.Paxta bir ji’lli’q osimlik.Qospa kelbetlik qaysi’ so’z shaqaplari’nnan jasalg’an?

a) kelbetlik, kelbetlik

b) atli’q, atli’q

c) atli’q, ra’wish

d) sanli’q, atli’q

12.Menin’ buri’ng’i ‘haz’ilkesh, woyi’nshi’l minezimnen hesh bir belgi qalmadi’. Ga’pte neshe jerde kelbetlik berilgen?

a) yeki jerde birikken kelbetlik

b) u’sh jerde do’rendi kelbetlik

c) u’sh jerde birikpegen

d) yeki jerde tiykar kelbetlik

13. Kelbetlik jasawshi’ wo’nimli qosi’mtalardi’ tabi’n’?

a) –li’/-li

b) -I’y/-iy

c) -si’z/-siz

d) a ha’m c

14. Qumlar gu’mis… tu’ske endi. Qubladan kush’… samal esedi. Qanday qosi’mtalar tu’sirilgen?

a) –li’/-li

b) –li’/-siz

c) –tay/-tey

d) –tey/-liy

15. Asxanada quwi’rma sorpaga toyi’p aldi’m. Ga’pte kelbetlik barma?

a) do’rendi kelbetlik

b) birikken kelbetlik

c) jup kelbetlik

d) tiykar kelbetlik

Woqiw’shi’larg’a usi’ tapsi’rmalardi’ isletip bolg’annan keyin wolardi’ tekseremiz ha’m juwaplardi’ sali’sti’ramiz. Qay jerde qa’te ketkenin tu’sindiremen ha’m wolardi’n’ juwaplari’n bahalayman. Bul usi’l woqi’wshi’lardi’n’ sabaqqa qi’zi’g’I’wshi’li’g’i’n artti’radi’. Sonday-aq, multimedia arqali’ sabaq wo’tiw woqi’wshi’larda jan’ali’qqa qi’zi’g’i’w, u’yreniw, talapshan’li’q sezimlerin boldi’radi’. Usi’nday usi’lda sabaq wo’tiw arqali’ sabaqti’n’ maqsetine ha’m na’tiyjesine yerisiw mu’mkin.

## II BAP. KELBETLIKTIN’ DA’REJELERIN WOQI’TI’W USI’LLARI’

### 2. 1. Kelbetliktin’ da’rejelerin woqi’ti’wda qollani’latug’i’n metodlar

Predmet ha’r qi’yli’ belgilerge iye boladi’, yag’ni’y zatlardi’n’ tu’r tu’si, sapasi’ woni’n’ ko’lemi mudami’ birdey qa’siyetke iye bola bermey, wolar ha’r qi’yli’ da’rejede boli’p keledi. Zatlardi’n’ bunday qa’siyetleri kelbetliktin’ da’rejeleri arqali’ da ani’qlanadi’. Bir predmettegi belgi yekinshi predmettegi belgige qarag’anda, ha’dden ti’s arti’q bolsa, yekinshi bir predmetti pa’srek, al ayri’mlari’nda ju’da to’men boli’p keledi. Zatlardi’n’ bunday ha’r tu’rli qa’siyetlerin ko’rsetiw ushi’n sol zatlardi’n’ bar bolsa wo’zin yamasa ren’in, ko’lemin ko’rsetetug’i’n ko’rsetpe qurallar islep, sonin’ ja’rdeminde kelbetliktin da’rejelerin tu’sindiremiz. Mug’allim kelbetliktin’ da’rejelerin tu’sindiriwde ha’r bir da’rejenin wo’zine ta’n wo’zgesheligin ha’m jasali’w jollari’n woqi’wshi’larg’a sabaq bari’si’nda ha’r qi’yli’ ko’rsetpe ja’rdeminde, sonday - aq ha’r qi’yli’ interaktiv metodlar ja’rdeminde tu’sindiriwi lazi’m.

Kelbetliktin’ da’rejeleri mektep sabaqli’qlari’nda ha’r qi’yli’ yekeni beriledi. Ma’selen, besinshi klass sabaqli’g’i’nda kelbetliktin’ yeki da’rejesi ko’rsetilgen. Kelbetliktin’ da’rejeleri tiykarinan yeki turli sali’sti’ri’w ha’m artti’ri’w. Bul da’rejeler zatti’n’ belgisin basqa bir zatqa sali’sti’ri’p yamasa zatti’n’ jay belgisin artti’ri’p ko’rsetedi.[3]

Al akamdemiyaliq litseylerge arnalg’an sabaqli’qta joqari’ woqi’w worni’na arnalg’an akademiyali’q gramatikalarda[4] kelbetliktin’ to’rt da’rejesi bar ekenligi

[3] Da’wletov A, Da’wletov M. Qaraqalpaq tili.Akademiyali’q liceyler ushi’n sabaqli’q. No’kis “Bilim” 2002. 50-51-betler.

[4] Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’. So’z jasali’w ha’m morfologiya. No’kis, 1994. 144-146-betler.

ayti’ladi’. Sonli’qtan biz kelbetliktin’ to’rt da’rejesin woqi’ti’w usi’llari’ jo’ninde woqi’ti’wdi’ maqul ko’rdik.

Woqi’wshi’lardi’n’ kelbetlik boyi’nsha u’yrengenlerine su’yene woti’ri’p kelbetliktin’ da’rejelerin tu’sindiriwge boladi’.Bul jerde woqi’wshi’lar da’rejeni tu’siniwge qi’ynaladi’. Sonli’qtan mi’sallar arqali’ da’reje degennin’ ne ekenligi haqqi’nda tu’sindirip sabaqta terminnin’ ma’nisin ashi’w joli’ menen baslasa da boladi’. Gu’rrin usili arqali o’tkerilgenlikten, woqiwshilardan ko’p na’rse talap etilmesten, ga’p ishindegi kelbetlik so’zlerdi tawi’p,sorawlar qoydi’ri’w kerek.

Klassta awi’zeki shi’ni’g’i’w jumi’si’n wo’tkeriw arqali’ kelbetlik so’zlerdi ga’p ishinen tapti’ri’wga boladi’.Woqi’wshi’larg’a kelbetliktin’ da’rejelerin tu’sindiriwde ko’rsetpeli qurallardan da paydalani’w woqi’wshi’lardi’n’ sabaqti’ toli’q wo’zlestire ali’wi’na ja’rdem beredi. Bunda ko’rsetpeli qurallar mug’alimnin’ so’zi menen baylani’sli’ boli’p, qag’i’ydani’ tez ha’m an’sat wo’zlestiriwge ja’rdem beredi, woqi’wshi’larg’a ko’rgizbe qural ja’rdeminde wo’tiwdin’ ja’ne bir a’hmiyetli ta’repi sabaqti’ uzaq waqi’t yeste saqlawi’na ja’rdem beredi. A’lbette wol sabaqta wo’tiletug’i’n materiallardi’n’ mazmuni’na qaray isleniwi tiyis ha’m sabaqta jan’a materialdi woqi’wshi’larg’a u’yretiw basqi’shi’nda paydalani’p, wonda ha’r bir misal analiz usi’li’nda tu’sindiriledi.

Predmet ha’r qiyli belgilerge iye boladi’. Bir predmettegi belgi yekinshi predmettegi belgige qarag’anda, ha’dden ti’s arti’q bolsa, yekinshisinde pa’sirek, al ayi’ri’mlari’nda ju’da’ to’men boli’p keledi.Sonli’qtan predmetlerdi biri-birinen aji’rati’p turatugi’n belgilerdi bildiriwine qaray kelbetliktin’ da’rejeleri to’rt tu’rge bo’linedi:

1.Jay da’reje

2.Pa’seytiw da’reje

3.Artti’ri’w da’reje

4.Sali’sti’ri’w da’reje

| Jay da’reje | Pa’seytiw da’reje | Artti’ri’w da’reje | Sali’stiri’w da’reje |
|---|---|---|---|
| U’lken<br>Qi’zi’l | U’lkenlew<br>Qi’zg’i’sh | U’p-u’lken<br>Qi’p-qi’zi’l | U’lkenirek<br>Qi’zi’li’raq |
| Suli’w<br>Sari’<br>Qara<br>taza | Suli’wlaw<br>Sarg’I’sh<br>Qaralti’m<br>tazalaw | Wog’i’ri’ suli’w<br>Sap-sari’<br>Shi’m qara<br>Tap-taza | Suli’wraq<br>Sari’raq<br>Qararaq<br>tazaraq |

Da’reje bildiriwshi qosi’mtalar

| Jay da’reje | Pa’seytiw da’reje | Artti’ri’w da’reje | Sali’sti’ri’w da’reje |
|---|---|---|---|
| U’lken jay Qi’zi’l woramal Biyik taw Aqi’lli’ bala Suli’w qi’z, ken’ bo’lme, uzi’n ag’ash, mayda tas h.t.b | -g’i’sh,-is,-g’i’lt-shi’l , shil-i’li’m,-ildir, -law/-lew. Qi’zgi’sh, ko’gis, surgi’lt, aqshi’l, ko’kshil Ko’gildir, ashqi’lti’m, Jamanlaw, Jekkelew, Ko’gislew, Qaralti’mlaw | Qi’p,sip,jap,sap,up Ju’da’ ku’ta’, wog’ada, wog’i’ri’, worasan, nayati’y h.t.b Tas – tu’nek, qi’ppa-taylaq, tas qaran’g’i’, muz qara kesek. Jap-jas, du’p-du’ziw, ku’ta’ suli’w wog’ada u’lken, qi’zi’q-qi’zi’q, u’lken-u’lken | I’raq/irek,raq/-rek. Ag’i’raq, ko’girek, uzi’niraq,ken’irek h.t.b Beter, bes-beter. Wolar bul iste sennen bes beter ayi’pli’. |

Woqi’wshi’lar tablicadag’i’ mi’sallardi’ ha’m da’reje qosi’mtalari’n u’yreniw arqali’ tiykargi kelbetliklerden qalayi’nsha kelbetliktin’ da’rejeleri jasali’p turg’ani’n ko’redi. Mi’sallardi’ tali’qlaw arqali’ kelbetliktin’ da’rejeleri boyi’nsha tu’sinikke iye boladi’. Bunnan keyin usi’lardan juwmaq shig’ara woti’ri’p, kelbetliktin’ da’rejeleri neni bildiredi ha’m wolar qalay jasaladi’, kelbetliktin’ da’rejelerin jasaytug’in qosimtalar qaysi’lar ha’m tiykar kelbetliklerdi qanday jollar menen jasalatug’i’nli’g’i’n ug’adi’. Bul woqi’wshi’lardi’n’ ti’yanaqli’ bilim ali’wi’na mu’mkinshilik tuwdi’radi’.

Jay dareje

Jay da’reje predmettin’ belgisin hesh qanday da’reje bildiriwsiz qosimtalarsiz dara, tu’bir so’z hali’nda bildiredi kelbetliktin’ jay da’rejesi ha’r bir predmettin konkret belgisin ko’rsetedi. Mi’sali’: Azat u’lken jay saldi. Jaqsi’ adam so’z ma’nisin an’laydi, jaman adam pasi’q so’zdi tinlaydi. Aq koylekke qara galstuk jarasadi. Partaga qizil siya togildi. h.t.b. Bul mi’sallardag’i’ jay da’reje kelbetlikleri predmettin’ ani’q belgisin bildirip , dara so’z tu’rinde kelgen.

Pa’seytiw da’reje

Pa’seytiw da’reje zatti’n’ sapasi’n, ko’lemin, tu’r – tu’s belgilerin pa’seytip ko’rsetedi. Wol bir qansha morfologiyali’q ko’rsetkishlerdin’ ja’rdeminde jasaladi’:

- g’i’sh, - i’s qosimtalari’. Bul qosi’mtalar tu’r – tu’sti bildiretug’i’n kelbetlikler (a’sirese – g’’i’sh qosi’mtasi’) menen tildi wo’nimli qollani’ladi’: qi’zg’i’sh, sarg’i’sh, ko’gis t.b. mi’sali’: Aldi’nda **qi’zg’i’sh** bir tartar woramali’ jaz samali’ menen jali’nday lawlap Ayjamal barati’r edi. Balalar jaqqan wotti’n’ shog’i’ **qi’zg’i’sh** do’nip turar edi. Polatti’n’ **sarg’ish** ju’zi qi’zari’p ketti. Aspanda bag’anag’i’day **qara ko’gis** emes **aqshi’l ko’gis** do’nip ketipti.

- **g’ilt** qosi’mtasi’ tu’r-tu’sti, kelbetti pa’seytip ko’rsetiwshi siyrek qollani’latug’in da’reje ko’rsetkishler qatari’na kiredi: Qi’zg’i’lt, sarg’’i’lt,

surg’i’lt, bozg’’i’lt. Mi’sali’: Ba’ygide **surg’i’lt** atqa jetiwshi at bolmadi’. **Bozg’i’lt** topi’raqli’ jerler qaytadan su’rildi.

**-shi’/shil** qosimtasi tek eki kelbetlikten: aqshi’, kokshil, paseytiw darejesin jasaydi. Misali: aynektin on’ tarepindegi diywalg’a uzi’n **aqshi’l** sawle tusip tur.

**-li’t i’m** qosimtasi geypara kelbetliklerden paseytiw darejesin jasaydi’: qaralti’m, saralti’m, aqshi’lti’m.

**-ildir** qosi’mtasi’. Bul qosi’mta **ko’k** kelbetliginen pa’seytiw da’rejesin jasaydi’: **ko’giltir.** Pa’seytiw da’rejesin jasaytug’i’n en’ tiykarg’i’ ko’rsetkishtin’ biri –law /-lew qosi’mtasi’. Wol bir zatti’n’ ko’leminin’, tu’r-tu’sinin’ pa’sligi, kemlik da’rejesin ko’rsetedi ha’m yeki tu’rli jol menen kelbetliktin’ pa’seytiw da’rejesin jasaydi’.

1-tiykar kelbetliklerine jalg’ani’w arqali’: U’lkenlew, kishilew, jaqsi’law, jamanlaw, suli’wlaw, jo’liklew, siyreklew, ariq’law, menmenlew, jalataylaw, wo’jetlew t.b. Misali’: Sari’lawdan kelgen wo’tkir tumsi’qli’, qarshi’g’adan sa’l **menmentawlaw** qusti’ qoli’na qondi’ri’p ali’pti’. Tu’nek qansha aytsanda **qi’yi’nlaw** boladi’.

2 –law/-lew qosi’mtasi’ basqa so’z shaqablari’nan jasalg’an do’rendi kelbetliklerge jalg’ani’p ta pa’seytiw da’reje ma’nisin beredi: jag’dayli’law, pa’sen’lew, wo’nimlilew, suli’wlaw, su’tlilew, wotli’law, uyatsi’zlaw, ko’rgensizlew, bilimsizlew, miyrimsizlew t.b.

**-law/-lew** qosi’mtasi’ **–g’i’sh, -i’s, -gi’lt, shi’’/-shi’l, -li’’ti’m/-i’ldi’r** qosi’mtalari’ arqali’ jasalg’an pa’seytiw da’reje kelbetliklerinin’ u’stine jalg’ani’p, woni’n’ ma’nisin ja’nede pa’seytin’kirep ko’rsetedi: Qi’zg’i’shlaw, ko’gislew, qi’zg’i’ltlaw, qaralti’mlaw, ko’gildirlew t.b.

Woqi’wshi’larg’a pa’seytiw da’reje qosi’mtalari’n mi’sallar arqali’ taqtada tu’sindiriledi. Wolardi’n’ bildiretug’i’n ma’nilerin da’reje ayi’rmashi’li’qlari’n tu’sindirip beremen. Bul boyi’nsha to’mendegishe slayd islep elektron taxtada ko’rsetiwge boladi’.

**Slayd 1.**

| |
|---|
| - g’i’ sh, - i’s, - g’i’lt, -shi’l/-shil, -i’ltim, -ildir, -law/-lew.<br>Qi’zg’i’sh, ko’gis, surg’i’lt, aqshi’l, ko’kshil, ko’gildir, ashg’i’lti’m, jamanlaw, jekkelew, ko’gislew, qaralti’mlaw.<br>Misali: Ali’stan qi’zi’l woramalli’ bir kelinshek ko’rindi. U’lkenlew bala mal jeteklep kiyati’r. Miywe yele ashqi’lti’mlaw yeken. Ko’gildir aspanda quslar ushi’p ju’r. U’stine qaralti’m kostyum kiygen. |

Artti’ri’w da’reje

Kelbetliktin’ bul da’rejesi qandayda bir zatti’n’ sapali’q belgisinin’ yekinshi bir zatta sonday belgiden arti’q ekenligin ko’rsetedi.

1. Jay da’reje kelbetliklerdin’ aldi’na ku’sheytiwshi ma’nisindegi buwi’nni’n’ ja’rdemi arqali’ jasaladi’: Qap-qara, sap-sari’, qi’p-qi’zi’l t.b. Bul kelbetliktin’ ma’nili buwi’nlar qanday sesten baslansa, bular da sol sesten tamamlanadi.

Artti’ri’w da’rejesinin bul formasi’ to’mendegishe qa’liplesken: so’zdin birinshi buwi’ni’na **p** sesi qosi’li’p, wol birinshi komponent boladi’, al yekinshi komponent sol so’zdin’ toli’q formasi’ boli’p juplasadi’. Mi’sali’: Wo’zin’ jap-jas qi’zsan’. Woni’n’ ko’z aldi’nda sup-suliw boli’p jaltirag’an relsler sozi’li’p ati’r edi. Wonnan son’ azg’ana waqi’ttan keyin gu’l g’umshalari’ qi’p – qi’zi’l boli’p ashi’ldi’. Sendeylerge wonday daw ap - an’sat… Al stoldi’n’ u’sti mintazday tap-taza. Ayna ashi’q.

Kelbetliktin’ artti’ri’w da’rejesinin’ jasali’w formasi’:

2) Sapali’q kelbetliklerden (sonday-aq, bir Qatar qatnasli’q kelbetliklerdin’) aldi’nda ku’sheytiwshi ku’ta, ju’da, di’m, en’, wog’ada, wog’i’ri’, worasan, nayati’y si’yaqli’ ku’sheytiw ra’wishlerinin’ dizbeklesip keliwi arqali’ jasaladi’: Wog’i’ri’ u’lken, nayati’y mazali’, ju’da suli’w, worasan taynapi’r, wog’ada qi’zi’q .t.b. Wol ju’da aqi’lli’, tan’qalarli’q, ashi’q ju’zli mu’la’yim, ku’ta

ha’zilkesh, su’ykimli, shaqqan bala edi. Bul ne wo’zi?! Qarasam wol di’m tani’s yemes adam. Wol wo’z wo’mirinde birinshi marte ten’izde kiyati’r, wonnanda arin la’zzetlenip ari’ ta’sirlenip bari’w ushi’n en’ jaqsi wori’ng’a bilet aldi’. Bul wog’ada u’lken quwani’sh boldi’. Yele senin’ bul wo’mirin’de nebir yesten shi’qpas waqi’yalar, en’ shiyrin paytlar bar.

3)Kelbetliktin’ ta’kirarlani’p keliwinen’de artti’ri’w da’rejesi jasaladi’: U’lken - u’lken, qi’zi’q – qi’zi’q.

**Slayd 2**

Qi’p,si’p,jap,sap,up.

Ju’da, ku’ta’, wog’ada, wog’i’ri’, worasan , nayati’y h.t.b

Jap- jas, du’p – du’ziw, ku’ta suli’w, wog’ada u’lken, qi’zi’q – qi’zi’q, u’lken-u’lken.

Mi’sali’: Ko’ldin’ suwi’ ti’p – ti’ni’q ha’m muz-muzday yeken. Wol ju’da aqi’lli’, nayati’y go’zzal ha’m aqi’lli’ qi’z yedi.

**Sali’sti’ri’w da’rejesi**

Bir zatg’a tiyisli belginin’ yekinshi zattag’i belgige sali’sti’ri’p ko’rsetiliwi kelbetliktin’ sali’sti’ri’w da’rejesi delinedi. Woni’n’ morfologiyali’q ko’rsetkishi – raq /-‘rek, i’raq /-irek qosi’mtalari’: a) –raq/-rek, I’raq/-irek qosi’mtalari’ sapali’q kelbetliklerge jalg’anadi’: u’lkenrek, jaqsi’raq, semizrek, suli’wraq, tarraq, ken’irek, uzi’nraq, qi’sqaraq h.t.b.

Mi’sali’: Bir kishirek poselkag’a kelip avtobuslardan tu’se basladi’q. Bir g’arri’ ku’ni menen sawda yetip duri’sli’ hesh bir na’rse taba almadi’ da, jaqti’raq jerde wol puli’n jayi’p, sawda yetip ele wotir. A’tirap qami’s penen qorshalgan, ku’n betti qali’n’raq yetip, iymeytip saya etken.

a) –raq /-rek, i’raq/-irek qosi’mtalari –li’/-li, -si’z/-siz qosi’mtalari’ arqali’ jasalg’an qatnasli’q kelbetliklerge jalg’ani’w arqali’ da sali’sti’ri’w

da’rejesi jasaladi’: yensizirek, da’mlirek,  ku’shsizrek, tawli’raq, arsi’zi’raq, tu’yneklirek t.b.

**Slayd 3**

–i’raq/-irek, –raq/-rek.

Ag’i’raq, ko’girek, uzi’nraq, ken’irek h.t.b.

Beter, bes beter.

Ko’ldin’ jag’asi’nda kishkene balalar woynap ju’r, al u’lkenirek balalar qarmaq sali’p woti’r. Saban qali’n’raq to’selgen jerde g’arri’lar gu’rrin’lesip woti’r. Ten’izdin’ teren’irek jerinde i’laqalar boladi’.

Bunday ko’rsetpeli qurallar mug’allim ta’repinen sabaqqa tayarlani’w da’wirinde aldi’n ala islengen boli’wi’ kerek. Kelbetlik da’rejelerin woqi’ti’wda ti’ykari’nan interaktiv usi’lda woqi’ti’wda woqi’wshi’lardi’n’ temani’ an’sat wo’zlestiriwine sonday-aq esten shi’g’armawi’na ja’rdem beredi. “Kim shaqqan” usi’li’nan paydalani’p klasstag’i’ woqi’wshi’lardi’ qatari’na qarap 3 toparg’a bo’li’p, 1 - topar Sali’sti’ri’w da’rejeni paydalani’p tekst du’ziwi kerek.

2 - topar pa’seytiw da’rejeni paydalani’p kelbetliklerdi ko’birek qollani’p tekst du’ziwi kerek.

3 - topar artti’ri’w da’rejeni paydalani’p kelbetliklerdi ko’birek qollani’p tekst du’ziwi kerek. Woqi’wshi’lar woylasqan halda tekst tayarlaydi’ tekst 8-10 ga’p a’tirapi’nda boli’p temalari’ “Bizin’ mektepte”, “Gu’z”, “Qis” t.b erkin temada jazadi’. Woyi’nni’n’ yekinshi sha’rti mug’allim aldi’n ala tayarlap kelgen kespe qag’azlardi’ tarqatadi’ ha’m wolarg’a woylasi’p ali’p ha’r woqi’wshi’ bir sorawg’a juwap tabi’w kerek. Woqi’wshi’lardi’n’ tekstin wo’zlerinen bir komanda sardari’ woqi’p yesittiredi. Mug’allim ta’repinen ga’p quri’li’si’nda, mazmuni’nda yeger qa’tege jol qoyi’lsa woqi’wshi’lardi’n’ pikirlerin sorap birgelikte duri’slaydi’. Solay etip, teksttegi ga’plerdin’ mazmuni’,baylani’sli’gi’ ha’m jazba

sawatli'li'gi'na qarap ball qoyi'ladi'. Yekinshi sha'rt boyi'nsha sorawlarg'a juwapti' qay da'rejede duri's ha'm ani'q beriwi arqali' ball qoyi'li'p jen'impaz komanda ani'qlanadi'. Jen'ilgen komandani'nda jetiskenlik ta'repleri bahalani'p, xoshamet so'zler ayti'wi' tiyis.

Juwmaqlap aytqanda, kelbetlik so'zlerdin' da'rejelerin woqi'ti'wda mug'allim aldi'n ala wo'zi jaqsi' tayarlani'p ko'rgizbe qurallari'n, interaktiv woyi'nlar ushi'n kerekli zatlar tayarlap kelse ha'm woqi'wshi'lardi' sabaqta ko'rsetken belsendiligine ha'm sawatli'g'i'na qarap duri's bahalasa woqi'wshi'lardi'n' sabaqqa degen qi'zi'g'i'wshi'li'g''i' bunnanda beter artadi'. Woqi'wshi'lar kelesi sabaqqa da toli'q qatnasi'wg'a ha'reket etedi. Buni'n' ushi'n wo'z gezeginde mug'allimnen jaqsi' tayarli'qti' talap etedi.

## 2.2. Kelbetliktin' zatlasi'wi'n ha'm sintaksislik xi'zmetin oqitiw

Kelbetlik so'z shaqabi'n basqa so'z shaqablari'nan aji'rati'w ju'da an'sat. Wol predmettin' tu'r-tu'sin, si'pati'n bildirip keledi, tiykari'nan atli'q so'zlerdin' aldi'nda kelip predmettin' belgisin ani'qlaydi ha'm qanday? qaysi?' sorawlari'na juwap beredi.

Kelbetlikler ga'pte bes ag'zani'n' da xi'zmetinde de jumsaladi'. Buni' woqi'wshi'larg'a induktiv metodta tu'sindiriw paydali'.

Toli'qlawish

Ani'qlawi'sh ← Kelbetliktin' → Baslawi'sh

Sintaksislik

Pi'si'qlawi'sh xi'zmeti. Bayanlawi'sh

Yendi mi’sallar ja’rdeminde qaysi’ ga’p ag’zasi’ xi’zmetinde keletug’i’nli’g’i’n tu’sindiremiz:

1. Jaqsi’ isi menen jaqsii.

Bul jerde jaqsii soizi kelbetlik so’z bolsa da adam mainisin anilatip, kim? soraw’ina juwap berip baslawi’sh xi’zmetinde kelgen.

2. Wol qari’wli’.

Bul jerde ga’p bir baslawi’sh ha’m bir bayanlawi’shtan du’zilgen. Qari’wli’ so’zi kelbetlik ma’nisinde kelse de woni’n ta’rtibi boyi’nsha bayanlawi’sh xi’zmetin atqaradi’.

3. Ba’dhasilg’a ha’mel jetse,

Puqarasi’n talar iytshe.

Ba’dhasi’lga so’zi kimge? sorawi’nda juwap berip toli’qlawi’sh xi’zmetinde kelgen.

4. Ag’ash kessen’ uzi’n kes,

Temir kessen’ qi’sqa kes.

Bul jerde uzi’n, qi’sqa so’zleri mug’dar – da’reje pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde kelgen.

5. Zi’yada mehirli ko’zleri menen anasi’na qaradi’.

Bunda mehirli so’zi ani’qlawi’sh xi’zmetinde kelip qanday? degen sorawg’a juwap berip kelgen.

Kelbetlikler ga’ptegi turg’an worni’na ha’m belgili bir grammatikali’q formani’ qabi’l etiwine qaray ga’pte bayanlawi’sh boli’p keledi: Bunday jag’dayda kelbetlik so’z wo’zi baylani’sqan atli’q so’zdin’ keyninde turadi’ ha’m zatti’n’qanday da bir belgisin ko’rsetedi. Kelbetlikti’n’ bayanlawi’sh boli’p keliwin to’mendegi mi’sallar arqali’ tu’sindiriwge boladi’:

1. Ku’n jari’q.
2. Wot ko’p bolg’anli’qtan mallar semiz.
3. Men Asannan u’lkenmen.

Qaysi’ bir temani’ mektep woqi’wshi’lari’na wo’ter ekenbiz, wolarda ko’rkem estetikali’q ta’sirler beretug’i’n ko’rgizbe qurallar, didaktikali’q woy-pikirlerge bay mi’sallar boli’wi’ tiyis. Soni’n’ menen birge wo’tilip ati’rg’an ha’r bir sabaq milliy ideya ha’m idealogiyag’a ta’n bolg’an pikirler menen suwg’ari’li’wi’ lazi’m. Ma’selen, woqi’wsh’ilarg’a to’mendegi tekstti berip, wonnan kelbetlik so’zlerdi tabi’n’ ha’m qaysi’ ga’p ag’zasi’ xi’zmetinde kelgenligin ayti’n’? – dep tapsi’rma beriwge boladi’:

Bu’gin hawa biraz salqi’n. Sog’an qaramastan Gu’lnaz awi’ldag’i u’lken atasi’n ko’rip qayti’w ushi’n jolg’a shi’qti’. Wol avtovokzalg’a kelip - aq avtobusqa woti’rdi’. Qi’sqa waqi’t ishinde zi’mi’rag’an avtobus Gu’lnazdi’n’ atasi’ jasaytug’in’ Aqshako’l awi’li’na jetip keldi…

Ziyadani’n’ atasi’ uzaq ji’llar dawami’nda uri’sta boli’p, jaradar bolg’an…

Balalar bul tekstten kelbetlik so’zlerdi tawi’p kelse, wolardi’n’ ilimiy sawatli’li’g’i a’dewir artadi’.

Qaraqalpaq mekteplerinde woqi’ti’wdi’n’ sapasi’n artti’ri’wda, woqi’wshi’lardi’n’ sawatli’li’g’i’n ta’miynlewde woni’ ko’rsetpeli woqi’w sabaqlari’ni’n worni’ a’hmiyetli. Bunda slaydlar, plakatlar, kespe qag’azlar paydalani’ladi’.

Qaraqalpaq tili sabag’i’nda kelbetliktin’ zatlasi’wi’n tu’sindiriwge Sali’ti’rmali’li’q metodi’nan, sonday-aq gu’rrin’lesiw metodlari’nan paydalani’w unamli’ na’tiyje beredi.

Kelbetlik wo’zine betlik, tarti’m, seplik qosi’mtalari’n qabi’l yetip, zatli’q ma’ni an’latadi’. Bunday jag’daylar ko’binese xali’q awi’zeki do’retpelerinin’ ajayi’p u’lgileri bolg’an naqi’l-maqallarda ko’birek ushi’rasadi’.

Ma’selen:

Jamannan qash,

Jaqsi’g’a jantas.

Bunday mi’sallardi’ balalarga tu’sindiriw menen birge wolarg’a ta’rbiyali’q xarakterge iye pikir bildirgen bolami’z.

Biraq qa’legen naqi’l - maqallardi’ mi’sal etip ala beriwimizge bola bermeydi. Sebebi qa’legen naqi’l - maqalda bunday qatarlar ushi’rasa bermewi mu’mkin.

Joqari’dag’i ‘ jaqsi’dan ha’m jamannan so’zleri adam ma’nisinde kelip tur. Sonday-aq kelbetlikler so’z jasawshi’ affikslerdi qabi’l yetip abstrak ma’nili atli’qlardi’ jasap keledi. Mi’sali’: qi’yi’nshi’li’q, molshi’li’q, toqshi’li’q h.t.b.

Woni’ woqi’wshi’larg’a tu’sindiriw ushi’n mug’allimnen teren’ bilim ha’m puxta pedagogik  sheberlik talap yetiledi. Bul temani’ balalarg’a tu’sindiriwde taxta menen islesiwge de ayri’qsha a’hmiyet qarati’wi’mi’z za’ru’r.

Bunday jag’dayda “Aqli’y hujim” metodi’nan paydalani’w wo’zinin’ unamli’ ta’sirin tiygizedi.

G’a’rezsizlik ji’llari’na kelip, woqi’ti’wdi’n’ jan’a basqi’shlari’, usi’llari’ bilimlendiriw protsesinde ken’nen qollani’la basladi’. Pedagogikali’q texnologiyalardi’ yengiziw, interaktiv medodta sabaq wo’tiw protsesleri qa’liplesti. “Aqli’y hujim” metodi’ interaktiv metodlardi’n’ biri. Bunda aldi’n ala temag’a baylani’sli’ g’a’rezsiz ko’p ga’na ideyalardi’ shi’g’ariwg’a ha’reket qi’li’w boli’p yesaplanadi’.

Kelbetliktin’ sintaksislik xi’zmeti ha’m zatlasi’wi’na baylani’sli’ to’mendegi mi’sallardi’ keltiriw mu’mkin:

1. Kelbetlik so’zler ga’pte bas ag’zalardi’n’ xi’zmetin atqaradi’.
2. Kelbetlik soz’ler ga’pte yekinshi da’rejeli ag’zanin’ xi’zmetin atqaradi’
3. Kelbetlikler atli’q so’zlerdin’ worni’nda qollani’ladi’.
4. Kelbetlik so’zler tarti’m, betlik,seplik qosi’mtalari’n qabi’l yetedi.

Bunday pikirler qansha ko’p bolsa, sonsha jaqsi. Aqli’y hu’jimde ideyalar sheklenbeydi, orfografiyali’q qag’iydalarga, punktuatsiyali’q negizlerdi

woqi'wshi' barli'q tu'siniklerdi jazi'p bolg'annan son' tekseriw kerek. Bolmasa woqi'wshi'ni'n' woyi'na kelip turg'an pikir umi'ti'li'p ketiwi mu'mkin.

Sonday-aq, bul temani' wo'zlestiriwde "Kim shaqqan" metodi'nan paydalani'wg'a da boladi'.

Woqi'wshi'larg'a sorawlar beriledi.

1. Yerinshekke is buyi'rsan',

Wo'zin'e aqi'l u'yretedi.

Yerinshekke so'zi qaysi' ga'p ag'zasi' xi'zmetinde kelgen?

2. Kelbetliktin' zatlasi'wi' degenimiz ne?

3. Kelbetliktin' ga'ptegi sintaksislik xi'zmeti ne?

4. Yesikten uzi'n boyli', sari' si'nli', ko'k ko'zli jigit kirip keldi.

Kelbetlik qaysi' ag'za xi'zmetinde kelgen?

5. Aqi'lli'g'a aytqan ga'pin',

Ko'p uzamay pitedi,

Aqmaqqa aytqan ga'pin',

Suw tu'bine ketedi.

Kelbetlik so'zler qalay jasalgan?

Taza temani' tu'sindiriwde birlesken sabaq, aralas sabaq tiplerinde woqi'ti'wg'a boladi'. Sabaqti' bekkemlewde toparlar menen islesiw woqi'wshi'lardi'n' ham'mesin sabaqqa belsene qatnasi'wg'a iytermeleydi.

Mug'allim temani' sorag'anda yamasa woqi'wshi'larg'a qosi'msha sorawlar bergende tek g'ana jaqsi' woqi'ytug'i'n woqi'wshi'lardan yemes, sabaqqa u'lgere almay ju'rgen woqi'wshi'lardan da sorawi' kerek. Yeger wolar arqada woti'ri'p, sabaqqa jaqsi' qatnaspasa, wolardi' worni'nan turg'iz'i'p, sorawlar beriledi.

Woqi'wshi'lardi' toparlarg'a bo'lip, toparlar menen islewdi ha'r bir mug'allim jaqsi' biliw kerek.Toparlar menen islesiw woqi'wshi'lardi' sabaqqa toli'q qatnasti'radi'.

Mug'allim wo'z ka'sibin shi'n kewli menen i'qlaslani'p su'yiwi kerek. Yeger wo'z pidayiligi menen balalardi'n' sawat ashi'wi'na jar'dem berse, wonda bul mug'allimnin' yen' u'lken jen'isi. Sabaq wo'tiwdin' da'stu'riy ha'm da'stu'riy emes formalari'nan paydalang'an halda mug'allim mazmunli' sabaq wo'tiwi tiyis. Usi' talaplarg'a ani'q juwap beretug'i'n mug'allimlerde jetik pedagogikali'q sheberlik toplang'an boladi'.

Biz so'z etip atirg'an temada sabaq wo'tiw protsesin ali'p bari'w mug'allimge biraz qi'yi'nshi'li'qlar tuwg'i'zi'wi' mu'mkin. Temani' woqi'wshi'lar jaqsi' wo'zlestiriwi ushi'n wolar en' da'slep so'z shaqaplari'n, seplik, betlik, tarti'm qosi'mtalari'n aji'rata biliwi kerek. Sonday-aq gap ag'zalari' haqqi'nda da tu'sinikke iye boli'wi' kerek.

Bul bilim ha'm ko'nlikpelerdi ani'qlaw ha'm bekkemlewde to'mendegi kestelerden paydalansaq boladi':

| ..... | — | adam | — | Qori'-qqani'n ….. | — | Si'yla-ydi' |
|---|---|---|---|---|---|---|

Ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli kelbetlik so'zdi tabi'n' ha'm qaysi' ga'p ag'zasi' xi'zmetinde kelgenin tu'sindirip berin'.

| … toymaydi',<br>Toysada juti'ng'ani'n<br>qoymaydi' |
|---|

… tu’yenin’ bari’ jaqsi’.

..... — tilegeni — eki — ko’zi

| | |
|---|---|
| Jaqsi’ woqi’ydi’ | Pi’si’qlawi’sh - jaqs’i |
| Jaqsi’ iste si’naladi’ | Jaqsi’ – baslawi’sh |
| Jalqawg’a is buyi’rsan’ wo’zin’e aqi’l u’yretedi. | Jalqawg’a – toli’qlawi’sh |
| As iyesi menen tatli’ | Tatli’ - bayanlawi’sh |
| Bala izali’ ko’zleri menen wog’an qaradi’. | I’zali’ - ani’qlawi’sh |

Kelbetliklerdi tawi’p qaysi’ ga’p ag’zasi’nda kelgenin tusi’na jazi’n’.

Kelbetliktin sintaksislik xi’zmetin woqi’ti’w

**Temanin maqseti**: Kelbetlik so’zlerdin ga’pte qaysi’ ag’za xi’zmetinde jumsalatug’i’ni’n tu’sindiriw.

**Temani’n’ na’tiyjesi:** Ga’pke sorawlar qoyi’p, kelbetliklerdi tabi’w ha’m woni’n’ qanday ag’za xi’zmetin bildirip turg’ani’n ani’qlaw.

**Temag’a aji’rati’lg’an waqi’t**: 80 minut.

**Temani’ qurallandi’ri’w**: Sabaqli’q, plakat, tarqatpa materiallar, kadaskop, kompyuter, multimedia, marker ha’m tag’i’ basqa.

Sabaqti’n’ bari’si’:

**Kirisiw** :

Woqi’wshilar menen sa’lemlesiwi, taxta, por, kompyuter, skaner h.t.b tayarli’g’i’n ko’zden wo’tkeriw.

Temani’ taxtag’a jazami'z.

**Tema**: Kelbetliktin’ ga’ptegi xi’zmeti.

Woqi’wshi’larg’a soraw beremen. Bul ga’plerden kelbetliklerdi tabadi’ ha’m qaysi’ ga’p ag’zasi’ xi’zmetin atqari’p turg’ani’n aytadi’.

1. Uzaqtan (qanday) suli’w jaylar ko’rinedi.
2. Ko’shenin’ yeki boyi’ (qanday) tereklik.
3. (Qaysi’) ta’repinde mektep, qaysi’ ta’repinde balalar baqshasi’ jaylasqan?
4. Woqi’wshi’lardi’n’ ju’zlerinde (qanday) sezimlerdi an’g’arasan’?
5. Wolar (qanday) kitaplar woqi’p, (qanday) qosi’qlar aytadi’

Kerekli sozler: iyek, jap-jasi’l, won’, sol, quwani’shli’, qi’zi’qli’, kewilli Woqi’wshi’lar sorawlardi’n’ worni’na kerekli so’zlerdi tawi’p qoyadi’ ha’m wolardi’n’ ga’pte qanday xi’zmet atqari’p turg’ani’n ani’qlaydi’

**Pinbord usi’li’**

Taxtag’a kelbetlik so’zlerdi jazaman:

Qi’zi’l, biyik, jaqsi’, teren’, ji’ll’i, boz, taza, u’lken, ko’k, qi’zi’l.

Woqi’wshi’larg’a usi’ kelbetliklerdi ga’p ishinde ishinde keltirip jazi’wdi’ tapsi’raman.

Woqi’wshi’lardi’ kishi toparg’a bo’lemen ha’m tapsi’rmalar beremen.

1.Tarqatpa materiallar

2.Rolli oyi’nlar

3.Test sorawlari’

Tarqatpa materiallar u’sh variantta beriledi:

1-Variant

1.Wol qi’zi’qli’ kitaplar woqi’di’.

2. Azanda yerte turi’p salqi’n suwda juwi’n.

3.Taza hawada dem al.

4.Suli’w ta’biyatqa na’zer sal.

5.Jas u’lken adamlardi’ hu’rmetle.

2-Variant

1.Bilimli adamlar hesh qashan qor bolmaydi’.

2.Uzaqtan biyik taw munarlani’p ko’rindi.

3.Apasi’ qi’zi’l ko’ylek sati’p aldi’.

4.Aygu’ldin’ suli’w quwi’rshag’i’ bar.

5.Wolar ken’ ha’m suli’w jayg’a kirdi.

3-Variant

1.Wol ziyrek ham shaqqan qi’z eken.

2.Qalami’zda jan’a jaylar sali’ni’p ati’r.

3.Asan klasi’mi’zdag’i’ yen’ bilgish woqi’wshi’.

4.Abat ku’shli jigit boli’p wo’sti.

Test sorawlari’

1.Qi’zdi’n’ qoli’ paxtaday jup - jumsaq eken. Kelbetliklerdi tabi’n’.

A) qi’zdi’n’ qoli’

b) qoli’

c) jumsaq

d) c ha’m b

2.Qali’n’ sho’plerdin’ u’stine woti’rdi’.Ani’qlawi’shti’ tabi’n’.

a) qali’n’

b) sho’plerdin’

c) u’stine

d) woti’rdi’

3.Azat…kitaplar woqi’ydi’. Ko’p noqatti’n’ worni’na tiyislisin qoyi’n’.

a) u’lken

b) suli’w

c) go’zzal

d) qi’zi’qli’

4. Mashina tegis ko’sheden zi’tqi’p kiyati’r.Kelbetlik qaysi’ ag’za xi’zmetinde kelgen.

a) baslawi’sh

b) ani’qlawi’sh

c) toli’qlawi’sh

d) bayanlawi’sh

5.Bizler terekli awi’ldi’n’ tusi’na keldik. Kelbetlikti tabi’n’.

a) terekli

b) awi’ldi’n’

tusi’na

d) bizler

e) keldik

7. Aqi’lli’ woylani’p isleydi.Kelbetlik qaysi’ ga’p ag’zasi’?

A) baslawi’sh

B) bayanlawi’sh

C) ani’qlawi’sh

D) toli’lawi’sh

8. Woni’n’ woqi’g’an kitabi’ qi’zi’qli’. Kelbetlik qaysi’ ga’p ag’zasi’?

A) baslawi’sh

B) bayanlawi’sh

C) ani’qlawi’sh

D) toli’lawi’sh

9. Azat sabaqlari’nan jaqsi’ woqiydi’. Kelbetlik qaysi’ ag’za xi’zmetinde kelgen.

A) baslawi’sh

B) bayanlawi’sh

C) ani’qlawi’sh

D) toli’lawi’sh

10. Bay  balasi’ bayg’a usar. Kelbetlikti tabi’n’.

A) bay

B) balasi’

C) usar

D) A ha’m B

Solay etip, kelbetlik so’z shaqabi’n woqi’ti’wda interaktiv metodtan paydalani’w, bilimlerdi tekseriwde test si’nawlari’nan paydalani’w jaqsi’ na’tiyje beredi.

## 2.4. Kelbetlikti woqi’ti’wda interaktiv metodlardan paydalani’w  usi’llari’

Kelbetlik so’z shaqabi’ ha’m wolardi’n’ tu’rlerin wo’tkenimizde interaktiv metodlardan paydalansaq boladi’. Interaktiv metodlardan ko’binese jan’a bilimdi wo’zlestiriw, woqi’wshi’larda jan’a bilim ha’m ko’nlikpelerdi payda yetiwde paydalansaq boladi’.[5]

Jan’alang’anta’lim mazmuni’ jekkelikten uli’wmali’qqa qarap bari’wdi’, til haqqi’ndag’i’ qag’i’ydalardi’ yemes, tildin’ wo’zin, woni’n’ so’zlik baylani’slari’n u’yreniwdi na’zerde tutpaqta.

---

[5] Tuxliev B. Shamsieva M, Zi’yadova. O’zbek tilin o’qitish metodikasi. Toshkent,2006.

Interaktiv metodlardan paydalani’wdagi’ tiykargi’ maqset woqi’wshi’-lardi’n’ sabaqqa ja’ne de qi’zi’g’i’wshi’li’g’in artti’ri’w boli’ yesaplanadi’. Qaraqalpaq tilinde kelbetliklerdi woqi’ti’wda to’mendegi metodlar paydalansaq boladi’.

**Klaster** – u’yrenilip ati’rg’an tu’sinikler menen baylani’s wornata ali’w uq’pli’li’g’i’, qanday da bir tema boyi’nsha woqi’wshi’g’aerkin ha’m ashi’q woylawdi’ u’yretetug’i’n pedagogikali’q metod boli’p yesaplanadi’. Bul metod arqali’ kelbetlik so’z shaqaplari’n wo’tip bolg’annan keyin ta’kirarlaw sabag’i’ tu’rinde wo’tiwge boladi’. Bunda tiykari’nan taxtani’n’ wortasi’na kelbetlik dep jazi’li’p, usi’ so’z shaqabi’n birneshe tarmaqlarg’a bo’liwdi woqi’wshi’lardan talap yetiledi. Bul usi’l arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ kelbetlik so’z shaqabi’na qalay tu’singenligin bilip ali’wg’a boladi’. Bunda ha’r bir tarmaqtag’i so’zlerdi mi’sallar arqali’ jazi’w maqsetke muwapi’q boladi’.Bul metod arqali’ sabaq wo’tiw woqi’wshi’larda wo’tilgen tema boyi’nsha wo’z bilgenin yadqa tu’sirip jazi’w imkani’yati’n beredi. Woqi’wshi’larg’a bul metod arqali’ sabaq wo’tkende kelbetliktin’ ma’nileri boyi’nsha tarmaqlarg’a bo’liw tapsi’ri’ladi’. Woqi’wshilar kelbetliktin’ ma’nilik tu’rleri boyi’nsha tarmaqlarg’a bo’liw mu’mkin. Bul arqali’ wolar kelbetliktin’ qandy ma’niler an’latatug’i’n’n bilip aladi’. Woni’ to’mendegishe islew mu’mkin:









Bunnan ti’sqari’ jag’daydi’ (jas, g’arri’, taza, go’ne, aqsaq), adam ha’m haywanatlarg’a ta’n qa’siyetlerdi (ashi’wshaq, qorqaq, bati’r), da’mdi (ashshi’, dushshi’, mazali’, tatli’), si’n - si’mbatti (pa’s, biyik, uzi’n) ko’lem, arali’qti’ (ken’, tar, ali’s, jaqi’n) wori’ndi’ waqi’tti’(u’ydegi, du’zdegi, azang’i, tu’ski) uqsasli’q, sheriklikti (u’yedey, iynedey, maymi’lday) tu’birden an’latilg’an na’rsege iye ekenlikti ( bilimli, za’ha’rli, miyweli, sayali’, qazaqi’) tu’birden an’lati’lg’an na’rsenin’ joq ekenligin bildiretugin kelbetlikler (suwsi’z, gu’nasi’z, biygu’na, nainsap) boyi’nshada islew mu’mkin.

**Zigzag –** bul metod woqi’wshi’lar menen topar tiykari’nda temani’ tez ha’m puxta wo’zlestiriwge xi’zmet qi’ladi’. 6 – klass woqi’wshi’lari’na kelbetlik ha’m

woni’n’ tu’rleri haqqi’nda toli’q tu’sinikke iye bolg’ani’mi’zdan keyin bul metodti’ bekkemlewde paydalansaq boladi’. Bunda ti’ykarinan klass woqi’wshi’lari’n birneshe toparlarg’a bo’lenedi. Toparlarg’a bo’liw woqi’ti’wshi’ni’n’ basshi’li’gi’nda boli’wi’ tiyis. Barli’q toparlardin’ bilim da’rejesi ten’ boli’wi’ kerek. Berilgen waqi’t ishinde mag’li’matlardi’ toplap, wolardi’ topar ag’zalari’ menen tali’qlaw lazi’m. Son’ topardi’n’ basshi’lari’ shi’g’i’p belgilengen temani’ qamti’wshi’ barli’q materiallardi’ ko’rsetiw, mi’sallar arqali’ da’lillew lazi’m. Bul basqi’shtan keyin topar ag’zalari’ni’n’ ishinde topar basshi’si’ toli’q ayta almay qalg’an jag’dayda toli’qti’ri’wi’ mu’mkin. Keyingi basqish berilgen materillar toparlarg’a almasti’ri’li’p beriliwi kerek. Ayti’lmay yaki jazi’lmay qalg’an materialdi’ toli’qti’ri’p jazi’w tapsi’ri’ladi’. Sol ta’rizde tema mazmuni’n ashi’p beriwshi mag’li’wmatlar woqi’wshi’lar ta’repinen wo’zlestiriledi’.

Kelbetliklerdi woqi’ti’wda zigzag metodi’nan paydalang’anda klassti’ toparlarg’a bo’lip birinshi toparg’a pa’seytiw da’rejesi, yekinshi toparg’a artti’ri’w da’rejesi, u’shinshi toparg’a sali’sti’ri’w da’rejesi boyi’nsha wo’z pikirlerin jazi’wdi’ tapsi’rami’z.

Interaktiv metodlardi’n’ joqari’da keltirilgeninen basqa “Aqli’y hu’jim”, “Mu’yeshler”, “Woqi’w diskussiyasi’”, “ Mashqalani’ sheshiw”, “Insert”, “Video” metodlari’ bar. Bulardi’n’ ha’r qaysi’si’ni’n’ wo’tiw ta’rtibi wo’zgeshe boli’p woqi’wshi’lardi’ tu’rli bag’darda birge islewin ta’miyinleydi.

Kelbetlik so’z shaqabi’n wo’tip bolg’ani’mi’zdan keyin interaktiv metodlardan paydalang’an halda wolardi’n’ bilimin tekseriw mu’mkin. Sebebi, sabaqti’ woqi’ti’w menen birge woqi’wshi’lardi’n’ bilimin tekserip bahalap bari’w ye’n’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri. Tekseriw woqi’wshi’lardi’n’ qaraqalpaq tilinen wo’tken materiallardi’ qanshelli da’rejede wo’zlestirilgenin biliw maqsetinde wo’tkeriledi. Woqi’wshi’lardin’ bilimin tekseriw – birinshiden,

wolardi’n bilim da’rejesin ani’qlaw bolsa, yekinshiden, woqi’wshi’ni’n’ bilimin bekkemlew.

Test - woqi’wshi’lardi’n’ bilimin tekseriwdin’ bir tu’ri. Bul usi’l woqi’wshi’lardi’n’ bilimin tekseriwde ko’p waqi’t almaydi’, na’tiyjesi tez ma’lim boladi’. Mekteplerde, akademiyali’q liceylerde ha’m kolledjlerde woqi’wshi’lardi’n’ bilimin tekseriw ushi’n test usi’li’nan da paydalansaq boladi’. Woqi’wshi’larg’a to’mendegidey test si’naw sabaqlari’n wo’tiw jaqsi’ na’tiyje beredi.

6-klass qaraqalpaq tili sabaqlig’i’nda kelbetlik, woni’n’ jasali’wi’, da’rejeleri, kelbetliktin’ zatlasi’wi’ temalari’ woqi’ti’ladi’.Bul temalar wo’tip boli’ng’an son’ ta’kirarlaw sabaqlari’n to’mendegidey sho’lkemlestiriwge boladi’.

Sabaq baslang’annan keyin wo’tilgen temalardi’ qaytalani’p, taxtaga bes ga’p jazi’ladi’:

A. Mashinag’a awi’r ju’k tiyelgen.

B. Jer yele qatti’law yeken.

D Jaqsi’ isi menen jaqsi’.

E. At - yen’ sezgir haywanlardi’n’ biri.

F. Qaladagi apasi’ni’n’ u’yinen kiyati’ri’p,tu’ndegi waqi’yani’ yesledi.

Woqi’wshi’lar bul ga’plerdi da’pterlerine ko’shirip alg’annan keyin, izbe-iz 1den 13 ke shekemgi sanlardi’ jazi’w woqi’wshi’larg’a tapsi’ri’ladi’.(Neshe soraw boli’wi’ mug’allimnin’ wo’zi’ne baylani’sli’) Mug’allim sorawlardi’ woqi’p, wolardi’n’ juwabi’ usi’ bes ga’ptin ishinde yekenligin ha’m sanlar tuwri’si’na duri’s juwap berilgen ha’ripti belgilewin aytadi’.

1.Qaysi ga’pte waqi’t ma’nili atawi’sh so’zlerden jasalg’an kelbetlik berilgen?

2.Mo’lsherdi bildiriwshi kelbetlik so’z berilgen qatardi’ tabi’n’?

3.Qaysi qatarda atli’qlasqan kelbetlik qollani’lg’an?

4.Feyilden jasalg’an kelbetlik berilgen qatardi’ tabi’n’?

5.Sali’sti’ri’w da’rejeli kelbetlik berilgen qatardi’ tabi’n’?

6.Qaysi’ ga’pte wori’n ma’nili atawi’sh so’zlerden jasalg’an kelbetlik so’z berilgen?

7.Qaysi qatarda artti’ri’w da’rejeli kelbetlik berilgen?

8.Zat yaki is- ha’rekettin’ arti’qli’g’i’n bildiriwshi kelbetlik qaysi’ qatarda?

9.Baslawi’sh ga’p ag’zasi’ni’n’ xi’zmetin atqari’p kelgen atli’qlasqan kelbetlikti tabi’n’?

10.Qaysi’ qatardag’i’ kelbetlik da’reje qosi’mtalari’n qabi’llamaydi’?

11.Qaysi’ qatarda atawi’sh so’zlerden jasalgan yeki kelbetlik berilgen?

12.Ra’wish so’zden kelbetlik jasalg’an qatardi’ tabi’n’?

13.Qaysi’ qatardagi’ kelbetlik bayanlawi’sh xi’zmetin atqarip tur?.

Woqi’wshi’lar belgilep bolg’annan son’ juwaplar woqi’ladi’ ha’m woqi’wshi’lar bir - birinin’ “Duri’s’’ , ”Naduri’s” juwaplari’n tekseredi. Juwaplar to’mendegidey belgilenedi.

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| F | A | D | E | B | F | E | E | D | F | F | F | D |

Woqi’wshi’lar bir-birinin juwaplari’n yesaplap, belgilengen ballar tiykari’nda bahalaydi’.

11-13 ball –“5”

9-11 ball -“4”

7-9 ball –“3”

0-7 ball –“2”

Woqi’wshi’lardi’n’ qa’te berilgen juwaplari’ boyi’nsha sol materiallar ta’kirarlanadi ha’m talqi’lanadi’. Bul si’nawlardi’ ha’r bo’lim, ha’r tema juwmaqlang’annan keyin wo’tkiziw mu’mkin.

Solay yetip, mug'allim tek jan'a materialdi' tu'sindiriwde g'ana emes, al woqi'wshi'ni'n' bilimin tekseriwde  ha'm woni' duri's bahalawda da u'lken pedagogikali'q sheberlikke iye boli'wi' kerek.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tilin woqi'tqanda interaktiv metodlardan paydalani'p sabaq wo'tiw joqari' na'tiyjelerge ali'p keledi.

# JUWMAQ

G'a'rezsizlik ji'llari'nda Wo'zbekstan Respublikasi[nda bul jumi'slarg'a ken'nen di'qqat - itibar qarati'ldi'. Bilimlendiriw sistemasi'na wo'zgerisler kirgizildi, ta'lim standartlari', kadrlar tayarlawdi'n'milliy bag'darlamasi' islep shi'g'i'ldi'. Mekteplerde, kolledj ham akademiyaliq litseylerde jaslardi'n' teren' bilim si'rlari'n iyelewi ushi'n qolay sharayatlar jarati'ldi'. Bilimlendiriw tarawi'nda interaktiv metodlardan paydalani'w, jan'a pedagogikali'q texnologiyalardi' qollani'w boyi'nsha jan'ali'qlar engizildi.Qaraqalpaq tili grammatikasi'ni'n' morfologiya tarawi'ndag'i' basqa grammatikali'q kategoriyalar si'yaqli' kelbetlik so'z shaqabi'n u'yreniwde kuta' u'lken a'hmiyetke iye.Sebebi kelbetlik atli'q ha'm feyil so'z shaqaplari'nday ga'p qurawda da, wo'z pikirlerimizdi basqalarg'a tu'sinikli tu'rde jetkeriwde de tilimizde ju'da jiyi qollani'ladi'. Sonli'qtan-da, kelbetlik so'zlerdi teren' u'yreniw ha'm woni' sanali' wo'zlestiriw arqali' woqi'wshi'lardi'n' awi'zsha ha'm jazba til bayli'g'i' rawajlanadi'.Wo'z woyi'n basqalarg'a ani'q jetkeriwde kelbetlik so'zler de a'hmiyetke iye.Woqi'wshi'lar kelbetlikti u'yreniw menen birge basqa so'z shaqaplari'nan almasi'q, sanli'q, feyil, a'sirese atliq, kelbetlik feyillerden, ra'wishlerden qi'yi'nshi'li'qsi'z aji'rata ali'wi' menen ra'wishti ha'r ta'repleme u'yreniwine tiykar tayarlaydi'.Woqi'wshi'lar 5-klassta kelbetliklerdi u'yreniw arqali' baslawi'sh klasslarda kelbetliklerdin' zatti'n' belgisin bildiriwi, wolardi'n' atli'q so'zler menen baylani'sli', sorawlari' haqqi'ndag'i' alg'an bilimin ja'ne de ken'eytiw menen qatar, kelbetliktin' leksika – semantikali'q belgileri menen grammatikali'q wo'zgeshelikleri tuwrali' teoriyali'q bilim aladi'.Demek, kelbetliklerdi woqi'wshilarg'a u'yretiwdegi ti'ykarg'i maxset woni'n' leksikali'q ma'nileri menen morfologiyali'q wo'zgesheligi ha'm sintaksislik xi'zmeti boyi'nsha teoriyali'q bilim ha'm a'meliy ko'nlikpelerin aladi'. Akademiyali'q licey ha'm kollejdlerde teoriyali'q mag'li'wmatkar ja'ne de teren'irek u'yreniledi. Woqi'wshi'larg'a kelbetlikti u'yretiwde tiykari'nan, morfologiyali'q tallaw,

shi’ni’g’i’w boyi’nsha wo’z betinshe jumi’slar, sabaqli’q u’stinde islew, ko’rsetpelilik, (keste,sxema, mi’sallar) t.b. Induktiv ha’m deduktiv metodlari’nan ken’nen paydalani’wi’mi’z za’ru’r 5-klassta kelbetlik boyi’nsha uli’wma tu’sinik, kelbetliklerdin’ jasali’wi’, sinonimli ha’m antonimli kelbetlikler ha’m kelbetliktin da’rejeleri boyi’nsha teoriyali’q mag’li’wmatlar beriledi. Kelbetlikler tuwrali’ tu’sindirgenimizde da’slep mi’sallar arqali’, yag’ni’y induktiv metod penen tu’sindirip, keyin qag’iydalarga wo’temiz. Kelbetliklerdin’ jasali’wi’n woqi’tqani’mi’zda kelbetliklerdin’ so’z jasawshi’ qosi’mtalar arqali’, so’z qosi’li’w usi’li’ arqali’ jasali’wlari’n woqi’tqani’mi’zda mug’allimnin’ tu’sindiriwi, aqi’l hu’jimi, ro’lli woyi’nlardan paydalansaq boladi’. Sabaqti’ bekkemlewde test sorawlari’nan, kespe qag’azlardan paydalanami’z. Interaktiv metodlar woqi’wshi’lardi’n’ wo’z betinshe pikirlewine mu’mkinshilik beredi. Bulardan pinvord, klaster, zigzag, metodlari’nan paydalansaq boladi’.

Kelbetlik ha’m woni’n’ da’rejelerin woqi’ti’wda kelbetliktin’ jay pa’seytiw, sali’sti’ri’w, artti’ri’w da’rejelerin sali’sti’ri’w arqali’ mi’sallar menen tu’sindirip wo’temiz. Bunda tablitsalardan, slaydlardan paydalanami’z. Tekstlerde kelbetliktin’ da’reje formalari’n qollani’wg’a u’yretemiz. Sinonim ha’m antonim kelbetliklerdi woqi’ti’w arqali’ kelbetliklerdin’ stillik qollani’wi’ boyi’nsha da tu’sinik aladi’.

Juwmaqlap aytqanda, kelbetlik ha’m woni’n’ tu’rlerin woqi’ti’w arqali’ woqi’wshi’lardi’ tildegi so’zlerdi duri’s paydalani’wg’a, jazba sawatli’li’g’i ’n, awi’zeki so’ylewin rawajlandi’ri’wg’a yerisemiz. Ha’zirgi da’wirde qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda jay metodlardan paydalani’w, woqi’ti’w islerin jetilistiriw talap yetiledi. Buni’n’ bul pitkeriw kasi’plik jumi’si’mi’z mekteplerde, akademiyali’q litseylerde, kolledjlerde qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda teoriyaliq ha’m a’meliy a’hmiyetke iye boladi dep woylaymi’z.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR


1. Karimov I.A. Joqari’ ma’nawiyt – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, 2008.
2. Bilimlendiriw haqqi’nda Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’ “Qaraqalpaqstan jaslari’”gazetasi’. 1997 – ji’l, 16 – sentyabr.
3. Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’. No’kis, 2000.
4. Allaniyazova SH, Yusupov Q. Turdi’baev Q. Pedagogikali’q praktika. No’kis, 2001.
5. Berdimuratov E, Pirniyazov Q. Worta mekteplerde qaraqalpaq tilin woqi’ti’w metodikasi’. No’kis, 1998.
6. Berdimuratov E, Allanazarov Q. Qaraqalpaq tili (Metodikali’q qollanba). No’kis, 2009.
7. Da’wletov A, Da’wletov M. Qaraqalpaq tili. (Akademiyali’q liceyler ushi’n sabaqli’q) No’kis “Bilim” 2002.
8. G’ulomov A , Nematov H. Ona tili ta’limi mazmuni. Toshkent, 1995.
9. G’ulomov A, Qodirov I. Ona tili o’qitish metodikasi. Toshkent, 2001.
10. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’. So’z jasali’w ha’m morfologiya. No’kis, 1994
11. Qosnazarov Q, Pazi’lov A, Tilegenov A. Pedagogika. No’kis, 2009.
12. Qutli’muratov B. Qaraqalpaq tilin woqi’ti’wdi’n’ ayi’ri’m ma’seleleri No’kis, 1992.
13. Qutli’muratov B. Qaraqalpaq tili orfografiyasi’n woqi’ti’w usi’llari’. No’kis, 1993.
14. Qutli’muratov B. Kenjebaeva T. Qaraqalpaq tili morfologiyasi’n woqi’ti’w usi’llari’. No’kis, 1996.
15. Isabaev A’. Qazaq tilin oqi’ti’w metodikasi’. Toshkent, 2003.

16. Musaeva F. 6- sinfda “Xususiyat sifatlari” ni o’rgatish tajribasidan. Til va adabiyot ta’limi, 2009.

17. Mirzaqulov T. Grammatikani o’qiyishning lingvistik asoslari.Toshkent, 1994.

18. Nasrullaev A’, Qojanazarov Q. Qaraqalpaq tili sabag’i’n ko’rsetpeli woqi’ti’w ma’seleleri. No’kis, 1996.

19. Nurjan J. Qazaq tilin oqitiw texnologiyasi’. Almati, 2008.

20. Pirniyazov Q. Baslawi’sh klasslarda qaraqalpaq tilin woqi’ti’w metodikasi’. No’kis, 1997.

21. Pirniyazova A’. Qaraqalpaq tilin pedagogikali’q texnologiya tiykari’nda woqi’ti’w . No’kis, 2008.

22. Orazi’mbetov E, Saparov SH. Mektepte woqi’ti’wdi’ sho’lkemlestiriw. No’kis, 2008.

23. Samandarova M.Rang – tus, maza – ta'm va hid sifatlarini o'rgatish tajribasidan. Til va adabiyot ta’limi, 2009. №12

24. Tuxliev B. Shamsieva M, Zi’yadova. O’zbek tilin o’qitish metodikasi. Toshkent,2006.

25. Ta’limda innavacion texnologiyalar, Toshkent, 2008.

26. Usnatdinova R. Ana tili sabaqli’g’i’na metodikali’q ko’rsetpeler. No’kis, 1994.